ЩIалэгъуалэмрэ хъыбарегъащIэ IэнатIэхэмрэ

2-нэ нап.

«IуэрыIуатэ - дыщэ пхъуантэ»

3-нэ нап.

Щыху щэджащэхэм я фэеплъыщ

4-нэ нап.

Студентхэм гурагъаIуэ

4-нэ нап.

ФИФI ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКIУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

1924 ГЪЭ ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКI

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КъБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

№32 (24.938) ● 2026 гъэм гъатхэпэм (мартым) и 17, гъубж ● Тхьэмахуэм щэ къыдокI ● И уасэр зы тумэнщ

КъБР-м и Iэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-IуэхущIапIэм къызэритамкIэ

ГъащIэр езыгъэфIакIуэхэр

Ди республикэм и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек и нэIэм щIэту, щIыналъэм зэпыу имыIэу щагъэзащIэ ди гъащIэр, псэукIэр езыгъэфIакIуэ лэжьыгъэхэр. Псом хуэмыдэу ахэр зыхащIэ щытыкIэ гугъум ихуауэ дэIэпыкъуэгъу хуэныкъуэхэм.

АПХУЭДЭУ, «Нэмыс» социальнэ центрым иджы Iэмал щыщыIэщ зи узыншагъэм сэкъат иIэ сабийхэм пIалъэ хэхакIэ щакIэлъыплъыну. Зи IэщIагъэм фIыуэ хэзыщIыкI, абы хуэIэкIуэлъакIуэ IэщIагъэлIхэр я цIыкIухэм кIэлъыплъыху, адэ-анэхэм Iэмал ягъуэт зэбгъэтIылъэкI мыхъуну Iуэхухэр зэфIагъэкIыну.

Апхуэдэ сабийхэм хуащIа лэжьыгъэхэр къызэщIеубыдэ «Социальнэ сабийгъэуиндэIу» проектыщIэм. Ар япэу ди щIыналъэм щаутIыпщауэ аращ. Апхуэдэ Iуэхугъуэхэр щызэфIах Прохладнэ, Iуащхьэмахуэ, Аруан щIыналъэхэм, Бэдракъ Iэминэ зи пашэ ПсапащIэ фондыр ящIыгъуу.

«Нэмысым» щагъэзащIэ «Унагъуэ лъэщапIэ» проектым къигъэув Iуэхугъуэхэр. Абыхэм хыхьэу, центрым екIуалIэ сабийхэр хуагъасэ хадэ щIэным, дэн-бзэным, пхъащIэ Iуэхум, щхьэц щIэщэным. Нэгъабэ апхуэдэ курсхэр къаухащ IуэхущIапIэм и гъэсэн 222-м. Шэч хэмылъу, ныбжьыщIэхэм центрым щызрагъэгъуэт апхуэдэ щIэныгъэхэр абыхэм иужькIэ гъащIэм къащхьуэсэбэпынущ, IэщIагъэ къыщыхахкIи зэран хъунукъым.

Къинэмыщlауэ, «Нэмысым» къыщызэIуахащ щытыкIэ гугъум ихуа, бын зиIэ анэхэм папщIэ къудамэ. Апхуэдэхэм хуитыныгъэ яIэщ абы пIалъэ гуэркIэ щыпсэуну, щагъуэт психологие, социальнэ, хабзэм, медицинэм ехьэлIа чэнджэщхэмрэ дэIэпыкъуныгъэмрэ. Нэгъабэ апхуэдэ гулъытэ ягъуэтащ бзылъхугъэ 18-м.

Прохладнэ щылажьэ сабий центрым щагъэзащIэ «Дызэгъусэ - дыпэлъэщынущ» проектыр. Абы къриубыдэу центрым и гъэсэнхэр хуагъасэ пхъащIэ, дэрбзэр, пщафIэ IэщIагъэхэм. Ахэри сэбэпщ ныбжьыщIэхэр гъащIэм тыншу хэзэгъэнымкIэ.

«Лэгъупыкъу» социальнэ центрым зыхуэдэ щымыIэ псыгуэн хьэлэмэт къыщызэIуахащ. Абы зыщызыгъэпскIхэм сэбэп яхуохъу а псыхущхьуэ хьэлэмэтыр. Iуэхур къызыхуэтыншэу зэфIэхынымкIэ сэбэп хъуащ республикэм и хьэрычэтыщIэхэр. А аквапаркыр сабий зыгъэпсэхупIэ дахэ хъуащ. Абы я узыншагъэр щрагъэфIэкIуакIэщ ныбжьыщIэ минищым щIигъум.

Ди къуэш республикэхэм

СВО-м хэтхэм зыщIагъакъуэ

КЪЭРЭШЕЙ-ШЭРДЖЭС. ***Дзэ Iуэху хэхам къулыкъур щезыхьэкIхэм зи чэзу гуманитар дэIэпыкъуныгъэу тонни 5-м нэблагъэ хурагъэшащ. Ар зэхуэхьэсыным жыджэру хэтащ Прикубань, Усть-Джегута, Уарп, Инжыдж районхэм щыпсэухэмрэ КъШР-м Хэкум и зауэлIхэм я унагъуэхэм и комитетым и штабхэм щыщхэмрэ.***

ХУРАГЪЭШАЩ зэфэну псы тонни 2,5-рэ, уэздыгъэ минитIым нэблагъэ, хьэпшып хуабэхэмрэ куэдрэ щылъыну ерыскъыхэкIхэмрэ. ДэIэпыкъуныгъэм и нэхъыбэр зэхуахьэсащ Прикубань раойным щыпсэухэмрэ абы щыIэ КСВО штабым хэтхэмрэ. Анэхэм, щхьэгъусэхэм, щIыпIэм щыпсэухэм дзэ къулыкъур езыхьэкIхэм папщIэ ягъэхьэзыращ хьыршын 500 - кIэртIоф, кхъуей, лы дэлъу, апхуэдэуи шхурэ плов шхэгъуэу 100-рэ.

Орден иритащ

АБХЪАЗ. ***Республикэм и Президент Гунбэ Бадрэ «Ахьдз-Апша» орденым и III нагъыщэр иритащ щIыналъэм и Къэрал архив управленэм и унафэщI Гвинджие Роман.***

АПХУЭДЭ гулъытэр къыпэкIуащ IуэхущIапIэр зэфIэгъэувэным икIи егъэфIэкIуэным хуищIа хэлъхьэныгъэм, илъэс куэд хъуауэ хьэлэлу зэрылажьэм.

Сом мелуан 255-м щIигъу

АДЫГЕЙ. ***Республикэм лэжьыгъэмрэ социальнэ зыужьыныгъэмкIэ и министр Мырзэ Джанбэч зэрыжиIамкIэ, «Унагъуэ» лъэпкъ проектымкIэ 2026 гъэм я мурадщ сом мелуан 255-м щIигъу къызэщIэзыубыдэ социальнэ контракт 1100-м Iэ щIадзыну.***

- СОЦИАЛЬНЭ контрактыр щытыкIэ гугъум укъызэрикIын Iэмалщ. Ар къэбгъэсэбэпу уи Iуэху къызэIупхыну, щхьэзакъуэ хозяйствэм зебгъэужьыну, лэжьапIэ къэбгъуэтыну, нэгъуэщI дэIэпыкъуныгъэ къыпIэрыхьэным и хэкIыпIэщ. КъищынэмыщIауэ щIэгъэкъуэн яхуохъу унагъуэхэм гугъуехьыр къызэранэкIынымкIэ, хьэрычэт IэнатIэм лажьэу щIидзэнымкIэ къуажэдэсхэр деIыгъ икIи щIыналъэм и экономикэр егъэбыдэ, - къет министерствэм.

УЭРДОКЪУЭ Женя.

ЩIэблэр интернет щIэпхъаджагъэм щахъумэ

Дауэ щытхъумэну щIэблэр онлайн-щIэпхъаджагъэм, сыт хуэдэ Iэмалхэм дыхуэкIуэну щIалэгъуалэр интернет джэгукIэ мыхъумыщIэхэм, зыхэшэну Iэмал бзаджэр я нэрыгъыу закъыпызыщIэхэм ящытхъумэн папщIэ? А псом ятеухуауэ зэIущIэ щекIуэкIащ Налшык, ЩIалэгъуалэм я унэм.

ЩIалэгъуалэм яIущIащ КъБР-м и Прокуратурэм федеральнэ шынагъуэншагъэр хъумэным, экстремизмэмрэ терроризмэмрэ пэщIэтыным кIэлъыплъынымкIэ и къудамэм и прокурор Бэрсэдж Алан, Урысейм СледствиемкIэ и комитетым и ветеран зэгухьэныгъэм КъБР-м щиIэ и къудамэм и унафэщI Лъэпщ Анзор, дзэ Iуэху хэхам къулыкъу щызыщIэ Къуэныкъуей Ахьмэд, КъБР-м и МВД-м полицэм и щIыпIэ уполномоченнэхэмрэ балигъыпIэ имыувахэм я IуэхухэмкIэ и къудамэм и инспектор Къэжэр Аскэр, ПсихиатриемрэнаркологиемкIэ республикэ клиникэ центрым психологие лэжьыгъэхэмкIэ и къудамэм и унафэщI Лысаковэ Иннэ, КъБР-м ЩIалэгъуалэ IуэхухэмкIэ и министерствэм щIалэгъуалэр Iейм щыхъумэныр зи къалэн и къудамэм и унафэщI ЛIыхъурей Заур, КъБР-м Бжыгъэр зи лъабжьэ зыужьыныгъэмкIэ, связымрэ хъыбарегъащIэ зэпыщIэныгъэхэмкIэ и министерствэм и «кибербезопасность» секторым и унафэщI АфIэунэ Виолеттэ.

- ЩIэблэр «онлайн-вербовка» шынагъуэм зэрыщытхъумэну Iэмалхэм дылъыхъуэнырщ дыщIызэхуэсар, а Iуэхум тедгъэпсэлъыхьынухэр къыщIедгъэблэгъар, абыхэм едэIуэну щIалэгъуалэр мы пэшым щIыщIэсыр. Дзэ Iуэху хэхар щекIуэкI мы зэманым бийр Iэмал фIейхэм хуокIуэ ди къэралым щыщ щIалэгъуалэм зэран иригъэкIын папщIэ - терроризм Iуэхухэр зэрехъэ, гъэпцIагъэкIэ ди цIыхухэм я ахъшэхэр ягъэкIуасэ, нэгъуэщI щIэпхъаджагъэхэри ялэжь. Къагупсыса икIагъэр ягъэзэщIэн папщIэ абыхэм гъуэгу пхэнжым трашэ зи гупсысэр зэрымыубыда, дзыхь зыхуащI хъунумрэ мыхъунумрэ нэсу зыхуззэхэмыгъэкI, балигъыпIэм имыува ди ныбжьыщIэхэр. Сыт зэрагъэделэр жыпIэмэ, тыншу икIи ящIэшхуи щымыIэу ахъшэ зэрыIыгъхэр къэрагъэлэжьыну жаIэурэ къагъапцIэ. Дауэ ящытхъумэну ди сабийхэр бзаджащIэхэм, сыт хуэдэ Iэмалхэм дыхуэкIуэн хуей бийм и къапхъэным ахэр имыхуэн папщIэ. Мис а псоми дытепсэлъыхьынущ, гупсысэ зэхэдзэ тщIынущ, - жиIащ «Къэбэрдей-Балъкъэр» ГТРК-м и телевиденэм и корреспондент Булат Наталье, зэIущIэр къыщызэIуихым.

ЯпэщIыкIэ къызэхуэсахэр еплъащ «Кубань» ГТРК-м щытраха «Игры с огнём» документальнэ фильмым. Ар теухуащ тыншу ахъшэ къалэжьын яфIэщIурэ терроризм Iуэхум илъэхъа ныбжьыщIэхэм, ахэр хабзэхъумэ IэнатIэхэм я лэжьакIуэхэм зэраубыдым, къащыщIам зэригъэгуэуэщхьэуэм, тезыр зэрахьым.

Бэрсэдж Алан зэрыжиIамкIэ, илъэс кIуам ди республикэм щыщу балигъыпIэ имыувахэм ялэжьащ щIэпхъаджагъэ 25-рэ. Прокуратурэм къиIэтащ уголовнэ Iуэхуу 16, судым ирагъэхьащ уголовнэ Iуэхуи 10.

- Илъэс кIуам ныбжьыщIэ гуп кууэ хыхьащ терроризм Iуэхум. Мессенджерым щатхащ терроризмэм къыхуезыджэ псалъэхэр. ЩIалэ цIыкIуиплIымрэ хъыджэбз цIыкIуитIымрэ къыщIагъэщащ. Гупым ящыщу нэхъыжь дыдэр 2002 гъэм къалъхуащ, 2006, 2008 гъэм къалъхуахэр яхэтщ. Псори уголовнэ жэуапым ирашэлIащ. ЩIэпхъаджагъэр ялэжьыну щытегушхуам деж ныбжьыщIэхэм загъэпашэу, сытри яхуэзэфIэкIыну зыкъалъытэжу апхуэдэщ. Ауэ Iуэхур зыхуэкIуар къагурыIуа нэужь, ахэр щым зэрыхъум, зэрызыщIэгупсысыжым гу лъыботэ. Псом хуэмыдэу «я щхьэр къыфIохуэ» я адэ-анэхэр зэрыгузавэр къалъэгъуа нэужь, абы щыгъуэщ я щхьэм щепхъуэжыр, - жиIащ Бэрсэджым.

(КIэухыр 2-нэ нап.)



Сурэтыр **Къарей Элинэ** *трихащ.*

2026 гъэм гъатхэпэм и 20-р мылэжьэгъуэ гуфIэгъуэ махуэу гъэувыным и IуэхукIэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм и Указ

«Я фIэщхъуныгъэр зыхуэдэнур езыхэм яубзыхужынымкIэ яIэ хуитыныгъэмрэ дин зэгухьэныгъэхэмрэ я IуэхукIэ» 1997 гъэм фокIадэм и 26-м къащта Федеральнэ закон №125-ФЗ-м и 4-нэ статьям и 7-нэ пунктым тету, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Муслъымэнхэм я дин IуэхущIапIэм зэрызыкъытхуигъэзам ипкъ иткIэ, НэщIикIыж хьид махуэшхуэр гъэлъэпIэным теухуауэ **унафэ сощI**:

2026 гъэм гъатхэпэм и 20-р Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм мылэжьэгъуэ гуфIэгъуэ махуэу щыгъэувын.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэ КIУЭКIУЭ Казбек

Налшык къалэ
2026 гъэм гъатхэпэм и 13-м
№22-УГ

Гъэсэныгъэм и зы Iыхьэщ школ театрхэр

Налшык, ЩIалэгъуалэм я унэм, дыгъуасэ къыщызэIуахащ «Школьные театры в системе культурной и молодежной политики Российской Федерации: приоритеты и механизмы реализации» театр лэжьакIуэхэм я зэхуэсышхуэр. УФ-м и Театр лэжьакIуэхэм я зэгухьэныгъэм «Театры России. От наследия к инновациям» Iуэхум хыхьэу, зэхыхьэр къызэригъэпэщащ, УФ-м ЩэнхабзэмкIэ и министерствэмрэ Щэнхабзэ жэрдэмхэмкIэ президент фондымрэ и дэIэпыкъуэгъуу. Ар къыхалъхьащ УФ-м и Президент Путин Владимир 2026 гъэр Урысейм щыпсэу лъэпкъхэм я зэкъуэтыныгъэм и илъэсу зэригъэувам хыхьэу.

ЗЭХУЭСЫР щыщIидзэм, Налшык къалэм Гъуазджэхэмкlэ и школ №1-м и гъэсэнхэм Урысейм и гимныр ягъэзэщIащ.

Зэхыхьэм хэтхэм фIэхъус гуапэкIэ зыкъыхуагъэзащ УФ-м егъэджэныгъэмкIэ и министерствэм ГъэсэныгъэмкIэ, щIэныгъэ гуэдзэнхэмрэ сабийхэм я зыгъэпсэхугъуэр къызэгъэпэщыным хуэунэтIа къэрал политикэмкIэ и департаментым и унафэщI Юргин Игоррэ УФ-м и Театр лэжьакIуэхэм я зэгухьэныгъэм и правленэм и унафэщI Машков Владимиррэ. АдэкIэ псалъэ иратащ КъБР-м щэнхабзэмкIэ и министр Къумахуэ Мухьэдинрэ щIалэгъуалэм я IуэхухэмкIэ и министр Лу Азэмэтрэ.

ЗэIущIэм зэхуишэсащ къэралым и федеральнэ округ 60-м къикIа театр лэжьакIуэхэу, егъэджэныгъэ Iуэхум пыщIауэ цIыхуи 150-м щIигъу. Ахэр тепсэлъыхьынущ школ театрхэм зэрызаужьыну щIыкIэм. 2035 гъэ пщIондэ Урысей Федерацэм театрым зыщезыгъэужьыну Iуэхухэм сабийхэм я театрхэм я лэжьэкIэри хегъэубыда зэрыхъунум теухуауэ ахэр зэчэнджэщынущ.

Махуищым къриубыдэу зэхыхьэм хэтхэм къагъэлъэгъуэнущ школ театрхэм егъэджэныгъэм, щэнхабзэм щаубыд увыпIэхэм, абыхэм я къалэнхэм, я зыужьыныгъэр зыхуэдэнум теухуа я Iуэху еплъыкIэхэр. Щхьэхуэу и гугъу ящIынущ абы и лъэныкъуэкIэ унафэщIхэр, егъэджакIуэхэр, театрым я лэжьакIуэхэр зэрызэдэлэжьэнум. Школ театрхэм ныбжьыщIэхэр зэрыщрагъаджэ Iэмалхэр ирагъэфIэкIуэну я мурадщ. Iуэхур къыхэзылъхьахэм къызэралъытэмкIэ, зэхуэсыр тегъэщIащ школ театрхэм я щыIэкIэ-лэжьэкIэр егъэфIэкIуэным.

Зэхыхьэр гъатхэпэм и 18 пщIондэ екIуэкIынущ.

ТЕКIУЖЬ Заретэ.
Сурэтхэр **Къарей Элинэ** *трихащ.*

«Адыгэ псалъэр» къезыгъэхьхэм папщIэ

2026 гъэм и япэ илъэс ныкъуэм щIэджыкIакIуэхэм яIэрыхьэну газетхэмрэ журналхэмрэ Iэ щыщIадз зэманым пещэ. «Адыгэ псалъэ» газетыр зыIэрыхьэну хуейхэм хъыбар фыдогъащIэ - абы Iэ щыщIэвдз хъунущ Урысей поштым и дэтхэнэ IуэхущIапIэми.

Мази 3-м «Адыгэ псалъэ» газетым и уасэщ:
унэм ныфхуахьыну фыхуеймэ - сом 565-рэ кIэпIейкIэ 14-рэ;
фэ езым поштым къыщыфщтэжынумэ - сом 516-рэ кIэпIейкIи 9-рэ.

Ди индексыр П5894

ЩIэблэр интернет щIэпхъаджагъэм щахъумэ

(КIэухыр. ПэщIэдзэр 1-нэ нап.)

Абы жиIам дыщIигъуащ Къэжэр Аскэр.

- ЩIэпхъаджагъэ зыщIа ныбжьыщIэхэм я хьэл-щэныр зыхуэдэр, къызыхэкIа унагъуэхэр, еджэкIэу яIар – псоми зыщыдгъэгъуэзащ. Къыхэгъэщыпхъэщ мыр: а ныбжьыщIэхэм ящыщ дэтхэнэри унагъуэ хуэщIам къыхэкIащ, щапхъэ зытрахым хуэдэу псэу адэ-анэ зиIэхэщ. Уеблэмэ, щIэпхъаджащIэ хъуахэм языныкъуэхэр терроризмэм пэщIэтыным теухуауэ ирагъэкIуэкI лэжьыгъэми хэтауэ щытащ. Абы къыхэкIыу языныкъуэхэм деж гугъу дыдэщ щIалэгъуалэм Iей ялэжьыну я щхьэм къыщIихьэм и щхьэусыгъуэр къэпхутэну.

Сыт хуэдэ Iуэху фIей нэхъыбэу ныбжьыщIэхэр зыхашэр жыпIэмэ, ар пыщIащ наркотик зехьэным, лэжьыгъэ нэпцIым, тыншу ахъшэ къэлэжьыным, нэгъуэщIхэми. Телеграм-каналымкIэ куэдыр ягъэжакъуэ.

ЗэIущIэм кърагъэблэгъа Къуэныкъуей Ахьмэд и адэшхуэм и къуэшщ Хэку зауэшхуэм лIыхъужьу хэта Къуэныкъуей Назир. Зи нэхъыжьыр щапхъэ зыхуэхъуа зауэлIым Хэку лъагъуныгъэм, хэкупсагъэм и пIалъэ ещIэ, ар спецназым и офицерщ. ЛIыхъужьым зэрыжиIамкIэ, хэкупсагъэр сабиигъуэм къыщожьэ.

- Дэнэ Хэкум и къежьапIэр жыпIэмэ, ар псом япэ адэанэрщ, къыбдалъхуахэрщ. Унагъуэм дежщ фIымрэ Iеймрэ зэхэбгъэкIыфу зыщебгъасэр, пэжщ, уэрамым укъыдэкIа е еджапIэ укIуа нэужь, абдеж укъыщызыухъуреихьхэми куэд елъытащ. Гупсысэ бзыгъэ иIэн хуейщ ныбжьыщIэм, гъуэгу захуэм тетын папщIэ. Ди зэманым сабийхэмрэ ныбжьыщIэхэмрэ хэхауэ интернетыр япэбубыдыпэнри пцIыщ, дыхуей-дыхуэмейми, ар зэрагъэщIэн хуей мэхъу. Сыт балигъыпIэ имыувам и дежкIэ нэхъыщхьэр жыпIэмэ, мурад иIэнрауэ къысщохъу. МурадыфI зыгъэбелджылар абы хуокIуэ, мыхъумыщIагъэ гуэрхэмкIэ ехьэулеикIыну зэман имыIэу.

АфIэунэ Виолеттэ ныбжьыщIэхэм яжриIащ интернет утыкур зы къалэшхуэ хуэдэу я нэгум къыщIагъэхьэу, абы хуаIэн хуей щытыкIэм, лъэбакъуэу ячынухэм егупсысыну, интернетым ифIри и Iейри зэпалъытыну.

Интернет утыкур зы къалэшхуэ хуэдэу ди нэгум къыщIэдывгъэгъыхьэт. АтIэ хэтщIыкIын хуейщ къалэр район куэду зэрызэхэтым. Район мыхъумыщIэхэм – Iуэху фIей щызэрахьэхэм дыкъыпекIуэкIын хуейщ. НыбжьыщIэхэм яфIэфIщ интернет напэкIуэцIым я сурэти, я хэщIапIи, яфIэфI - яфIэмыфIхэри, я унагъуэм теухуа гуэрхэри, еджапIэм щыкIуэ зэманри кърагъэхьэну. ЩIэпхъаджэ ищIэну зигу изылъхьам, ныбжьыщIэхэм я тIасхъапIэр къэзылъыхъуэхэм а псом зыщагъэгъуазэ, я пхъэр къызэрикIынум хуэдэуи къагъэсэбэп. Зи акъылыр зэрымыубыда ныбжьыщIэр къэбгъэпцIэнуи бгъэщхьэрыуэнуи гугъужкъым адэкIэ. НыбжьыщIэхэм сытым дежи я щхьэм илъын хуейщ мыр: зигъэцIыхуфIу интернетым къыщыфхуэтхэ псоми я гум фIы илъкъым, умыцIыхухэм уи дзыхь ебгъэз хъунукъым, зыгуэркIэ къоупщIаIамэ уи Iуэху зытетыр зэтещыпыкIауэ хуэпIуэтэныр лейщ. Зы джэгукIэ гуэрым фрагъэблэгъа, мессенджерым къыфхуэтхаIа – занщIэу фегупсыс Iуэхум мыхъун гуэр зэрыщыщыIэм.

Бэрсэдж Алан къытеувыIащ Украинэм щыщ щIэпхъаджащIэу ди ныбжьыщIэхэр Iейм хэзышэну хуейхэм къагъэсэбэп IэмалхэрIэмалхэр зыхуэдэм. «Апхуэдэ бзаджащIэхэм щIалэгъуалэр къагъэгугъэ блэжьыну мыгугъу Iуэху гуэр ящIэмэ, ахъшэ зэрыIыгъ иратыну. Ар япэ лъэбакъуэщи, ныбжьыщIэр ягъэщхьэрыуэу зы Iуэху ирагъэщIа нэужь, «я джэдыгур зэрадзэкI» - адэкIэ «шантаж» жыхуаIэм хуокIуэ. Мыр е мор фымыщIэмэ, а япэ влэжьа Iуэхур, интернетымкIэ вгъэхъыбархэр хэIущIыIу тщIынущ, фи адэ-анэхэм фыкъащIэнущ, жаIэурэ. АпщIондэхункIэ ныбжьыщIэхэр мэшынэ, ящIэнур къащыгурымыIуэкIэ, хэкIыпIэ щымыIэ яфIощIри, пхэнжу мэбакъуэ» - жиIащ абы.

Лысаковэ Иннэ тепсэлъыхьащ адэ-анэхэмрэ бынхэмрэ я зэхущытыкIэм, я зэпыщIэныгъэм быным и гъащIэр зэтеубла зэрыхъунум теухуауэ куэд зэрелъытар. Къыхигъэщащ ныбжьыщIэхэм адэ-анэм я щхьэрэ я гупсысэрэ кърагъэзыфу ирагъэсэнми гугъуехьхэр зэрыпыщIар, ауэ унагъуэм деж зэхущытыкIэ дахэ щызэтеубламэ, абы ныбжьыщIэр Iейм зэрыщихъумэфыр.

- Адэ-анэр быным зэрыхъукIэ нэхъыбэIуэрэ ящIыгъун хуейщ - е зэгъусэу зы фильм еплъынщ, е пщыхьэщхьэшхэ зэдащIынщ, е зэгъусэу я нэгу зрагъэужьыным махуэ хухахынщ. Апхуэдэ Iуэхугъуэхэм нэхъри гъунэгъу зэхуещI ахэр. Пэжщ, адэ-анэхэр быным ешхыдэн хуей мэхъу языныкъуэхэм дежи. Ауэ а шхыдэми къыщыхагъэщыпхъэщ быным IуэхущIафэ е зэраныгъэ гуэр хуамыгъэдахэ пэтми, абы щхьэкIэ ар фIыуэ ялъагъун къызэрымынэр. Мэшхыдэ, ауэ фIыуэ ялъагъу, сытри хуащIэнущ. Зи гупсысэр зэрыубыдын щIидзэ къудейм и щхьэм илъын хуейщ мыр: «Дапхуэдэу щытми, сэ фIыуэ сыкъалъагъу». Абы щыгъуэм быным ищIэнущ адэ-анэр сытым дежи чэнджэщэгъу къызэрыхуэхъунур, псалъэкIи IуэхукIи ахэр къызэрыдэIэпыкъунур.

Интернет утыкум и Iуэхури дызытепсэлъыхьыпхъэщ, ныбжьыщIэхэм я хьэл-щэным и гугъу щытщIкIэ. Интернетыр ди гъащIэм хэтщ, ар лэжьыгъэми, еджэнми, творчествэми къыщыдогъэсэбэп. Апхуэдэу щыхъукIэ, быным интернетыр пэбубыдыпэ хъунукъым. Ауэ кIэлъыплъын хуейщ, зырыхьэ напэкIуэцIхэм, нэхъыбэрэ зэплъхэм, нэгъуэщIхэм. НыбжьыщIэм и хьэл-щэныр зэрыщымытауэ хъуамэ, щIэхыу къэгубжьмэ, зыри и гум темыхуэу гу лъатамэ, абы и щхьэусыгъуэр зэхэгъэкIыпхъэщ. Хэт ищIэрэ, гъэпцIагъэкIэ Iуэху мыхъумыщIэ гуэрым хашагъэнкIи хъунущ, - жиIащ Иннэ.

ЛIыхъурей Заур къытеувыIащ псом нэхъапэр ныбжьыщIэр Iуэху мыщхьэпэм хэмыхуэным егугъуныр арауэ къызэрилъытэм, «профилактикэ» жыхуэтIэр зэи зэпыдгъэу зэрымыхъунум. Щхьэхуэу и гугъу ищIащ я IуэхущIапIэм и деж щыIэ «Команда 5642» проектым.

- Сыт «Команда 5642» жыхуэтIэр? Гъэ къэс зэхудошэс ныбжьыщIэхэм фIымрэ Iеймрэ зэхагъэкIыфу егъэсэным, спортым, гъуазджэм, щIэныгъэм, нэгъуэщI IуэхуфIхэми дегъэхьэхыным теухуа гупсысэ узыншэхэр зиIэ, лэжьыгъэ щхьэхуэхэри абы тезыухуэ щIалэгъуалэ. Щхьэ щIалэгъуалэра апхуэдэ проектхэр зыубзыхур жыпIэмэ, абыхэм нэхъыфIу къагуроIуэ я ныбжьым итхэр нэхъ зыдихьэххэр, зэрыгупсысэр, хэщIапIэ ящIынкIэ хъунур, нэгъуэщI-къинэмыщIхэр. ЩыIэщ «Киберпатруль» клубри. Ар МВД-м долажьэ. «Киберпатруль»-м и къалэн нэхъыщхьэщ щIалэгъуалэм я дежкIэ зэраныгъэ зыхэлъ контентхэр интернет напэкIуэцIым къыщыщIэгъэщауэ гъэбыдэныр. ЩIалэгъуалэм зыфхуэзгъэззэну сыхуейщ: фи хъуреягъым шынагъуэншагъэр къыщызэгъэпэщынымкIэ фэ куэд фэлъытащ. Набдзэгубдзаплъэу фахущыт фи ныбжьэгъухэм, унагъуэм, къывдеджэхэм. Захуэм, лей къызытехьэм фыкъыщхьэщыж, пэжым фытет. Зыгуэрым къимылажьу и жагъуэ ящIу гу лъыфтэрэ, абы фыдэIэпыкъу. А зыхэхуа Iуэху мыфэмыцым ар зригъэгупсысынкIэ хъунур пщIэнукъым, зи гур зэщыуам и гупсысэри тыншу мэутхъуэ. Дызэрыщымэ, дызэрыIыгъмэ, ди хъуреягъыр фIы тхуэщIынущ, - жиIащ ЛIыхъурейм икIи къыхигъэщащ ЩIалэгъуалэм и унэ Налшык дэтым апхуэдэ Iуэхухэм теухуауэ сэбэп хъу, психологие дэIэпыкъуныгъэ щагъуэтын къудамэ зэрыщыIэр, сыт хуэдэ зэманми абы зыпащIэ зэрыхъунур.

ЩIэпхъаджагъэ зыщIахэр хабзэхъумэ IэнатIэхэм яшэ, жэуапым ирашалIэ. ЩIалэгъуалэм я щытыкIэм, ахэр гуитIщхьитI зэрыхъум, нэхъыбэр зэрыщIегъуэжым, ялэжьар къащыгурыIуэжкIэ, губжьыр къызытекIуар теужа нэужь, утыкум къызэринэм тепсэлъыхьащ Лъэпщ Анзор. Абы щIалэгъуалэм яжриIащ интернетым и IэмалымкIэ ахъшэ къалэжьыну яужь имыхьэмэ зэрынэхъыфIыр, сыту жыпIэмэ абдеж куэдрэ гъэпцIагъэ къыщокIуэкIри.

ЗэIущIэм хэтахэм гупсысэ зэхэдзэ ящIащ, щIалэгъуалэр онлайн – щIэпхъаджэм щыхъумэнымкIэ Iэмалхэр зэпалъытащ, Iуэху мыщхьэпэр къэмыгъэхъуным нэхъыбэу гулъытэ хуэщIыным трагъэчыныхьащ, щIалэгъуалэр гъэсэныгъэ зэIущIэхэм нэхъыбэрэ егъэблэгъэным фIы къызэрыпэкIуэр жаIащ. ЩIалэгъуалэм я упщIэхэм жэуап иратащ къеблэгъахэм.

ГУГЪУЭТ Заремэ.

Сурэтыр **Къарей Элинэ** *трихащ.*

Хэкум хуэпэжхэр

НыбжьыщIэхэр дзэ Iуэхум щыхуагъасэ «Зарница 2.0» зэхыхьэм хагъэхьэхэм къахохъуэ.

УФ-м ЩIэныгъэ егъэгъуэтынымкIэ и министерствэмрэ «Урысейм и щIалэгъуалэ» къызэгъэпэщыныгъэмрэ я щIэгъэкъуэну, «Пэрытхэм я зэщIэхъееныгъэ», «ЮНАРМИЯ», «ВОИН» Центр зи фIэщыгъэ зэгухьэныгъэхэм щIрагъэдзащ «Зарница 2.0» урысейпсо дзэ-хэкупсэ джэгукIэхэм я иджырей егъэкIуэкIыгъуэр.

ГуфIэгъуэ щытыкIэм тету пэхуэщIэм щыщIрагъэдзар ди къэралым и къалащхьэ Москва дэт ТекIуэныгъэм и музейм дежщ. Iуэхум иращIэкIа зэIущIэшхуэм хэтащ «Урысейм и ЛIыхъужь» цIэ лъапIэр зыфIащахэр, Дзэ Iуэху хэхам къулыкъу щезыхьэкIхэр, «Время героев» президент программэр зыгъэзащIэхэр, гъэсакIуэущиякIуэхэр, мы джэгукIэм и япэ ита зэхуэсыгъуэхэм щытекIуахэр.

«Зарница 2.0» гъэсэныгъэ Iуэхур къызэраублэжрэ мы гъэм илъэс ещанэр йокIуэкIри, а зэман кIэщIым къриубыдэу Урысей Федерацэм ит курыт школхэмрэ еджапIэ нэхъыщхьэхэмрэ щIэсхэм ящыщу абы зыщезыгъэтххэм я бжыгъэм хэпщIыкIыу хэхъуащ, зы гъэм нэхърэ къыкIэлъыкIуэм нэхъыбэж зэрыхъур ягъэнэрылъагъуу. Ари щыхьэтщ, япэ итахэм я хабзэ-бзыпхъэ пажэхэм иригъуазэ, дзэм къулыкъу щезыхьэкIхэм защIэгъэкъуэным пщIэшхуэ зэрыпылъыр къызыгурыIуэ, хэкупсэу щытыныр зыгъэнэхъапэ щIэблэ узыншэ къызэрытщIэхъуэм.

«Зарницы 2.0»-м и ещанэ зэхыхьэм и егъэкIуэкIыкIэм щIэи хагъэхьащ. Къэдгъэлъагъуэмэ, мы гъэм къыщегъэжьауэ абы зыщезыгъэтххэр я ныбжь елъытакIэрэ (илъэси 7-м къыщегъэжьауэ 23-м нэсыху) гупиплIу ягуэшынущ. Ахэр ирашэлIэнущ дзэ Iуэхум пыщIа «штурмовик», «связист», «военкор», «инженер-сапёр», «оператор БПА», «командир отряда», «медик» IэщIагъэхэм щыхуагъасэ-щыхурагъаджэ дерсхэу джэгукIэ теплъэ зиIэхэм.

ГъэсакIуэхэм хуагъэува къалэн нэхъыщхьэхэм ящыщщ я нэIэ зытет я гъэсэнхэм Урысей Федерацэр къэралышхуэу зэрыщытыр зыхрагъэщIэныр, Хэкум зэрыгушхуэ хъун тхыдэ гъэщIэгъуэн илъэсищэхэм къызэрыпхрихар гурагъэIуэныр, зауэ IэщIагъэм сытым дежи зэрызыщиужьымрэ абы пыщIа унэтIыныгъэхэр зыхуэдэмрэ егъэщIэныр.

«Зарница 2.0» - м и иджырей джэгугъуэм къыхалъхьа и Iыхьэщ мы зэманым екIуэкI дзэ Iуэху хэхам зыщызыужьа унэтIыныгъэщIэри. Ар сыт жытIэмэ, Хэкум зихъумэжынымкIэ иужьрей илъэсхэм зыхуэныкъуэ хъуа Iэмалыщ Iэу цIыху зэрымыс кхъухьлъатэ цIыкIухэм ящыщу бийм ейр зыщхьэщышынымкIэ, дыдейм и зыгъэзэкIэр убзыхунымкIэ дзэ пакIэ щхьэхуэхэр 2025 гъэм дыгъэгъазэм и 1-м къэралым къызэрыщызэрагъэпэщам къыхэкIыу, армэ лэжьыгъэм хурагъасэ ныбжьыщIэхэми а Iуэхум щыгъуазэ зэрыхуащIырщ.

КъинэмыщIауэ, «Зарницы 2.0» - м зыщезыгъэтххэр Хэку зауэшхуэм хэкIуэдахэм я лъэужь лъыхъуэхэм, я хьэдэкъупщхьэхэр зыщIэлъ кхъэлъахэхэр зэлъыIузыххэм, ветеранхэм ядэIэпыкъухэм, Дзэ Iуэху хэхам хэт зауэлIхэм защIэзыгъакъуэхэм, а лъэныкъуэмкIэ бийм щапэщIэтхэмрэ абыхэм я гъунэгъуу а щIыпIэм щыпсэухэмрэ зыхуэныкъуэ хьэпшып, шхынхэкI яхуэзышэхэм гуп щхьэхуэ зэмылIэужьыгъуэкIэрэ хагъэхьэнущ.

КЪУМАХУЭ Аслъэн.

Хэхъуэмрэ хэщIымрэ

2025 гъэм и еплIанэ мазищым къриубыдэу Къэбэрдей-Балъкъэрым и цIыхухэм я хэхъуэр псори зэхэту сом меларди 198,6-рэ хъуащ. Абы ипэ ита илъэсым и апхуэдэ пIалъэм щыIа бжыгъэхэм нэхърэ процент 12,3-кIэ нэхъыбэщ ар.

КЪАПЩЫТЭЖ пIалъэм къриубыдэу республикэм и цIыхухэм я щхьэ трагъэкIуэдэжащ псори зэхэту сом меларди 162,8-рэ икIи 2024 гъэм и еплIанэ мазищым щыIа бжыгъэхэм нэхърэ процент 11,1-кIэ ар нэхъыбэщ. Абы щыщу хьэпшыпхэмрэ пщIэ зыщIат IуэхутхьэбзэхэмрэIуэхутхьэбзэхэмрэ хухахащ сом меларди 162,1-рэ. Ипэ ита илъэсым и еплIанэ мазищым щыIа бжыгъэхэм нэхърэ ари процент 9,6-кIэ нэхъыбэщ.

2025 гъэм и еплIанэ мазищым къриубыдэу республикэм и цIыхухэм я ахъшэ гъэтIылъыгъэхэр сом мелард 35,8-м нызэрыхьэсащ. Абы ипэ ита илъэсым и апхуэдэ пIалъэм щыIа бжыгъэхэм нэхърэ процент 19-кIэ нэхъыбэщ ар.

ЦIыхухэм ипэжыпIэкIэ яIэ ахъшэ хэхъуэри процентi 5,8-кIэ нэхъыбэ хъуащ 2024 гъэм и еплIанэ мазищым щыIахэм елъытауэ. Я лэжьыгъэхэм къапэкIуа хэхъуэри процент 12,1-кIэ, социальнэ ахъшэу ятри процент 11,2-кIэ нэхъыбэщ.

Зы мазэм къриубыдэу цIыхур нэхъ мащIэ дыдэу зыхуэныкъуэну ахъшэм и куэдагъыу республикэм щагъэувар сом 20265-рэ, лэжьыгъэ IэнатIэ Iуту лэжьэфынухэм ейр – сом 22089-рэ, пенсэм щысхэм – сом 17428-рэ, сабийхэм – сом 19657-рэ хъуащ.

2025 гъэм республикэм улахуэу ику иту щатам и куэдагъыр (хьэрычэт IэнатIэ мыинхэри хэту) сом 53251,6-рэ хъууэ къабжащ икIи абы ипэ ита илъэсым щыIа бжыгъэхэм нэхърэ процент 12,5-кIэ нэхъыбэщ ар.

А пIалъэм къриубыдэу цIыхухэм ипэжыпIэкIэ къаIэрыхьа улахуэм и куэдагъым, инфляцэри къэлъытауэ, процентi 103,9-кIэ хэхъуащ 2024 гъэм щыIа бжыгъэхэм елъытауэ.

2025 гъэм и дыгъэгъазэм улахуэу ятам и куэдагъыр ику иту сом 73380,7-рэ хъуащ. 2024 гъэм и апхуэдэ пIалъэм щыIа бжыгъэхэм нэхърэ процентi 8,1-кIэ, а илъэсым и щэкIуэгъуэм щыIахэм нэхърэ процент 38,1-кIэ нэхъыбэщ ар.

Нэгъабэ и дыгъэгъазэм цIыхухэм ипэжыпIэкIэ къаIэрыхьа улахуэм и куэдагъым процентi 2-кIэ хэхъуащ 2024-м и дыгъэгъазэм щыIахэм елъытауэ, 2025 гъэм и щэкIуэгъуэм щыIахэм нэхърэ процент 37,8-кIэ нэхъыбэщ.

ХЬЭЩЫКЪУЕЙ Олег.

Дунейм щыхъыбархэр

Я фIэфIыныгъэ хэлъу

«Къырымымрэ Севастополрэ къыгуэхыпIэ имыIэу Урысейм щыщ Iыхьэщ», - жиIащ УФ-м и Президентым и пресс-секретарь Песков Дмитрий.

НЭХЪАПЭКIЭ Украинэм и унафэщIым ита интервьюм щыжиIащ 2014 гъэм Къырымымрэ Урысеймрэ зэгухьэжыныр дзэыIыгъахэр цIыхуу къызэримылъытэр.

Фигу къэдгъэкIыжынщи, Украинэм къэрал зэхъуэкIыныгъэхэм яужькIэ, 2014 гъэм и гъатхэпэ мазэм екIуэкIа референдумым кърикIуам ипкъ иткIэ, Къырымыр Урысей щIыналъэ хъуащ. Къырымым щыпсэухэм я процент 96,77-м, Севастополь и хэхакIуэхэм я процент 95,6-м Урысейм хэтыну зэрыарэзымкIэ Iэ яIэтащ.

Украинэм Къырымыр пIалъэкIэ яубыда и щIыналъэу къелъытэ иджыри, КъухьэпIэм и къэрал куэдым Киев даIыгъа и Iуэхум теухуауэ. Урысейм и унафэщIхэм мызэ-мытIэу къагъэлъэгъуащ Къырымым щыпсэухэм я фIэфIыныгъэ хэлъу а Iуэхур къызэрыхъуар, дунейпсо хабзэм, ООН-м и уставым тету ар зэрекIуэкIар. УФ-м и Президент Путин Владимир зэрыжиIэмкIэ, Къырымым и Iуэхур къытегъазэ имыIэу зэхуащIащ.

ПсэупIэхэм хэпщIыкIыу заубгъу

2025 гъэм Урысейм щауххуащ метр зэбгъузэнатIэу мелуани 108-рэ хъу псэупIэщIэхэр. Апхуэдэ хъыбарыр УФ-м и премьер-министр Мишустин Михаил щыжиIащ блэкIа илъэсым Правительствэм иригъэкIуэкIа лэжьыгъэр къыщапщытэжу Къэрал Думэм щызэхэта зэIущIэм.

ПсэупIэр егъэфIэкIуэнымкIэ щыIэ ипотекэ программэр къагъэсэбэпащ цIыху мин 960-м. Иджыри цIыху мини 100-м нэблагъэ жьы, кхъахэ хъуа фэтэрхэм къыщIэкIри, псэупIэщIэхэм Iэпхъуащ. Абыхэм къадэкIуэу, унэхэм я пщIантIэхэр, абыхэм къегъэщIылIа жылагъуэ щIыпIэхэр зэIузэпэщ ящI. БлэкIа илъэсым апхуэдэ щIыпIэу мини 7,5-м нэблагъэ зыхуей хуагъэзащ.

Гъатхэпэм и 17, *гъубж*

♦ **Адыгэ Республикэм и парламентаризмэм и махуэщ**

♦ **1918 гъэм** къызэIуахащ Тэрч щIыналъэм ис лъэпкъхэм я II съездыр.

♦ **1938 гъэм** къалъхуащ Адыгэ Республикэм и цIыхубэ сурэтыщI **Дыгъужь Мыхьмуд**.

Дунейм и щытыкIэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, республикэм уэшх къыщешхынущ. Хуабэр махуэм градуси 9 - 10, жэщым градуси 4 - 5 щыхъунущ. ЩIым и малъхъэдис щытыкIэм балли 4-кIэ зихъуэжынущ.

Гъатхэпэм и 18, *бэрэжьей*

♦ **1913 гъэм** Налшык къыщызэIуахащ округым и лъэпкъхэм я 1 съездыр.

♦ **1930 гъэм** къалъхуащ филологие щIэныгъэхэмкIэ доктор, КъШКъУ-м и профессору щыта, КъБР-м, КъШР-м, АР-м щIэныгъэхэмкIэ щIыхь зиIэ я лэжьакIуэ, ЩIДАА-м и академик, «Хэкум и пащхьэм щиIэ фIыщIэхэм папщIэ» орденым и 4-нэ, 3-нэ нагъыщэхэр зыхуагъэфэща **Хъупсырокъуэ Хъызыр**.

♦ **1932 гъэм** къалъхуащ КъБР-м и цIыхубэ тхакIуэ **Шэджыхьэщ Iэ Хьэмыщэ**.

♦ **1958 гъэм** къалъхуащ къэрал, жылагъуэ лэжьакIуэ, полковник, АР-м и Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ, «Адыгейм и щIыхь» медалыр зрата **ЛIымыщэкъуэ Рэмэзан**.

Дунейм и щытыкIэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, республикэм уфауэ щыщытынущ. Хуабэр махуэм градус 12 - 13, жэщым градуси 3 - 5 щыхъунущ. ЩIым и малъхъэдис щытыкIэм балли 4-кIэ зихъуэжынущ.

Къытхэхъуащ

Гъатхэпэм и 14-м республикэм къыщалъхуащ сабий 34-рэ: 23-р хъыджэбз цIыкIущ, 11-р щIалэщ.

Гъатхэпэм и 15-м - сабий 20: 13-р хъыджэбз цIыкIущ, 7-р щIалэщ.

Гъатхэпэм и 16-м - сабий 23-рэ: 14-р хъыджэбз цIыкIущ, 9-р щIалэщ.

Гъатхэпэм зэрыщIидзэрэ щIыналъэм дунейм къыщытехьащ сабий 439-рэ, илъэсым и пэщIэдзэм щегъэжьауэ 1927-рэ

Зыгъэхьэзырар **ЩХЬЭЩЭМЫЩI Изэщ.**

Лъэпкъ Iущыгъэ:

Аслъэн пэтрэ хъумпIэцIэджым щошынэ.

● УФСБ-м къет

ЗыщIэгупсысыжыну зэман иIэщ

Республикэм щыпсэу Ерохин А.Н. илэжь хабзэншагъэр Урысей ФСБ-м и управленэу КъБР-м щыIэм и лэжьакIуэхэм къэлъыхъуэныгъэхэр ирагъэкIуэкIыу къызэпаудащ. Ар пыщIат тутынхэкI нэпцIхэр игъэкIыным. Абы къытрахащ федеральнэ маркэхэр зытемылъ пачкэ 2300-м щIигъу.

Май район судым и унафэ къару зыгъуэтам ипкъ иткIэ Ерохин А.Н. къуаншэу къалъытащ УФ-м и УК-м и 171.1 статьям и 6-нэ Iыхьэм и «а» пунктым, 171.3 статьям и 2-нэ Iыхьэм и «а» пунктым къыщыхьа щIэпхъаджагъэхэмкIэ. Абы ямыгъэтIысу илъэси 2-рэ мази 2-рэ тралъхьащи, зыщIэгупсысыжыну зэман иIэщ.

АхъшэкIэ защIигъакъуэрт

Урысей ФСБ-м и управленэу КъБР-м щыIэм, КъБР-м щыIэ МВД-м я лэжьакIуэхэм къэлъыхъуэныгъэхэр ирагъэкIуэкIыу къызэпаудащ Прохладнэ районым щыпсэу цIыхубзым илэжь хабзэншагъэр. Ар пыщIат экстремизмэр ахъшэкIэ къызэгъэпэщыным.

Экстремизмэм пыщIауэ судым къилъыта икIи Урысей Федерацэм щамыдэ мыкоммерцэ IуэхущIапIэм и счетым ахъшэ игъэхьащ абы.

Уголовнэ Iуэху къаIэтащ УФ-м и УК-м и 282.3-нэ статьям и 1-нэ Iыхьэм ипкъ иткIэ. Хабзэм къызэригъэувымкIэ, апхуэдэ щIэпхъаджагъэ зылэжьар илъэси 8-м нэскIэ ягъэтIыс.

Налогхэр итыртэкъым

Хабзэхъумэхэм наIуэ къащIащ мылъку къезымыгъэщI IуэхущIапIэм и унафэщIым хабзэншагъэ зэрызэрихьэр. Абы налогхэр итыртэкъым.

Шэч зыхуащIым налог декларацэхэм хъыбар нэпцIхэр къыщигъэлъагъуэурэ, налогхэмрэ къыхаххэмрэ ехьэлIа сом мелуан 26-рэ итакъым.

Урысейм и Следственнэ комитетым и Следственнэ управленэу КъБР-м щыIэм Уголовнэ Iуэху къиIэтащ УФ-м и УК-м и 199-нэ статьям и 1-нэ Iыхьэм ипкъ иткIэ.

ФадэхэкI куэд къытрахащ

Илъэс 36-рэ зи ныбжь, Лэскэн районым щыпсэур фадэхэкIхэр гъэхьэзырыным, хабзэм къигъэув маркировкэхэр темылъу игъэкIыным зэрыпыщIари къыщIагъэщащ.

Хьэтуей къуажэм къыщагъуэтащ контрафакт фадэхэкIхэр щагъэхьэзыр цех щэху. ХабзэншагъэкIэ иригъэкIыну хьэзыр птулъкIэ мини 3-м нэблагъэ, федеральнэ маркэхэр зытемылъхэр, апхуэдэуи спиртхэкI литр мини 2-м щIигъу къытрахащ.

Уголовнэ Iуэху къаIэтащ УФ-м и УК-м и 171.1 статьям и 6-нэ Iыхьэм и «б» пунктым, 171.3 статьям и 2-нэ Iыхьэм и «б» пунктым къыщыхьа щIэпхъаджагъэхэмкIэ ягъэкъуаншэу. Хабзэм къызэригъэувымкIэ, апхуэдэхэр зылэжьар илъэси 6-м нэскIэ ягъэтIыс.

ЩIалэгъуалэмрэ хъыбарегъащIэ IэнатIэхэмрэ

ЩIалэгъуалэм я унэм иджыблагъэ щекIуэкIащ «Кадры влияния» медиашкол зыфIаща, Iуэхугъуэ куэд къызэщIэзыубыда дерсхэр. Зэхыхьэм хэтащ хъыбарегъащIэ IэнатIэ зэмылIэужьыгъуэхэм щылажьэу цIыхуи 100-м щIигъу.

ЗЭХУЭСЫМ кърихьэлIахэм псалъэ гуапэкIэ зыхуагъэзащ КъБР-м щIалэгъуалэм я IуэхухэмкIэ и министр Лу Азэмэт, бжыгъэр зи лъабжьэ зыужьыныгъэмкIэ, связымрэ цIыхубэ зэпыщIэныгъэхэмкIэ министрым и къуэдзэ Гилиев Мурат сымэ.

- Мы IэнатIэм пэрыт псори зэгурыIуэу хъыбарегъащIэ утыку «узыншэ» къызэрагъэпэщын хуейщ, пцIырэ мыхъумыщIагъэмрэ хэмыту, атIэ купщIафIэу Iуэхур цIыхубэм ирахьэлIэу, ауэ щыхъукIи - ар шынагъуэншэу щытыпхъэщ, - жиIащ министрым. - Абы щхьэкIэ мыпхуэдэ егъэджэныгъэ зэхыхьэхэм сэбэпынагъ куэд къыпэкIуэнущ, аращ къыщIызэдгъэпэщри. Нобиси фIэщ мэхъу форумым къыщыфщIэну IэмалыщIэхэр, хэкIыпIэхэр, лэжьэкIэхэр дяпэкIэ фи IэнатIэм екIуу къызэрыщывгъэсэбэпынур.

Лу Азэмэт зэрыжиIамкIэ, Кавказ Ищхъэрэм ис цIыхубэм я процент 96-м махуэ къэс Интернетыр къагъэсэбэп. Абыхэм ящыщу процент 86-р гаджетхэмкIэ хъыбарыщIэхэм йоджэ. «Мыбдеж щIэс псоми къывгуроIуэ социальнэ сетхэр зэманым декIуу дгъэлэжьэн папщIэ ди Iэзагъым хэдгъэхъуэн зэрыхуейр, сыт щхьэкIэ жыпIэмэ, цIыхубэм, псом хуэмыдэу аращ иджыпсту щIалэгъуалэр зэрыгъуазэр, хъыбархэр къызраджыкIыр», - къыхигъэщащ абы.

Гилиев Мурат жиIащ дызыхэпсэукI зэманым хъыбарегъащIэ IэнатIэхэм мыхьэнэшхуэ зэраIэр, щытыкIэр зэпIэзэрыт щIынымкIэ, жылагъуэм я гупсысэр зэтеубыдауэ щытынымкIэ медиам щылажьэхэм я пщэм жэуаплыныгъэ ин къызэрыдэхуэр. Министрым и къуэдзэр къызэхуэсахэм ехъуэхъуащ форумым щIэ куэд къыщащIэну, ар ехъулIэныгъэхэр яIэу я лэжьыгъэм къыщагъэсэбэпыну.

«Кадры влияния» медиашколым и къызэгъэпэщакIуэ Щоджэн Дианэ къыхигъэщащ зэхыхьэр «Росмолодежь» федеральнэ агентствэм къыщихьа грантымкIэ къызэрызэригъэпэщар икIи абы и зэхэлъыкIэнур утыкум щахуэзэпкърихащ. Дианэ къыддэгуэшащ медиашколым щеджэнухэр къэрал къулыкъущIапIэхэм я пресс-IуэхущIапIэхэм, телевиденэм, радиом, газетхэм, журналхэм щылажьэ IэщIагъэлI ныбжьыщIэхэм къызэрыхахар. Абы хэтыну гукъыдэж зыщIа цIыху 250-м щыщу 100-р къыхахыу зэрызэхуашэсар игъэбелджылащ.

Къапщтэмэ, зы махуэм къриубыдэу Iуэхугъуэ куэдымкIэ лекцэхэр ирагъэкIуэкIащ къызэгъэпэщакIуэхэм. Япэ модулыр хъыбарегъащIэ IуэхущIапIэхэм щылажьэ сурэттеххэм яхухэхат. Сурэт зэрытрах щIыкIэхэм къызэхуэсахэм яхутепсэлъыхьар сурэттех ПщыцIыкIу Иналщ. Абы жиIащ пIыгъ техникэм деж къыщыщIэдзауэ ар зэрыпIыгъ щIыкIэм деж щиухыжу зэрелъытар сурэтым и фIагъыр тэмэм хъунрэ-мыхъунрэ. Кадрыр жыпхъэм изагъэу къызэраубыдыр, нобэкIэ сурэттех нэхъыфIу ябжхэр зыхуэдэр, сурэтхэм узэрелэжьыну программэу къыдэкIахэмрэ абыхэм я нэхъыфIымрэ, нэгъуэщI куэдми и гугъу къытхуищIащ Инал.

Видео техыкIэм хэлъ щэхухэмрэ ар дахэу утыку къызэрипхьэнумрэ къытхутепсэлъыхьащ медиашколым и унафэщI, видеограф Щоджэн Дианэ. ПщащIэм зэпкърыхауэ утыку кърихьащ къэрал къулыкъущIапIэхэм видеографым щигъэзащIэ къалэнхэр, абы щекIуэкI лэжьыгъэм пащIэ трих видеохэр зыхуэдэмрэ щIыуэпсым, хьэгъуэлIыгъуэм, Iуэхугъуэ гуэрым щытепх видеохэмрэ зэрызэщхьэщыкIыр, зэрыщытын хуейр. Дианэ нэхъыщхьэу къыхигъэщахэм ящыщщ подкаст кIэщIхэр зэрытрах, сценарнэ план зэратх, макъыр къабзэу зэрырагъэтх, монтаж зэращI щIыкIэхэр, композицэм, нэхум, зытепх лIыхъужьым, нэгъуэщIхэми видеом и фIагъыр зэрелъытар. Ахэр къызэрыплъхьэну социальнэ сетым и жыпхъэм хуэкIуэу дэтхэнэри бубзыхун зэрыхуеймиi и гугъу ищIащ.

Логвинэ Анастасие SMM Iуэхум убгъуауэ тепсэлъыхьащ. Социальнэ сетхэр гъэлэжьэн зэрыхуеймрэ абы цIыху нэхъыбэ еджэу зэращIымрэ и щэхухэр къытхуиIуэтащ абы. Медиаутыкум щIэупщIэ ущиIэу, цIыху къоплъу, къиплъхьэ хъыбарыщIэхэр, видеохэр, сурэтхэр зэIэпахыу щытын папщIэ щыIэ IэмалхэмрэхэкIыпIэхэмрэ тхузэпкърихащ.

Медиашколым гъэщIэгъуэн куэд къыщытщIащ иджырей хъыбарегъащIэ Iэмалхэр зэрылэжьэн, сыт хуэдэ Iуэхугъуэхэри зэманым декIуу цIыхубэм я пащхьэ къиплъхьэн зэрыхуейм теухуауэ. Иджырей Iэмалхэмрэ лъэхъэнэм къигъэув щытыкIэхэмрэ къэлъытауэ жьы хъуа Iуэху бгъэдыхьэкIэхэр зэхъуэкIын зэрыхуейр, кIэщIу, купщIафIэу, теплъафIэу, цIыхум игу ираубыдэн, дихьэхын хуэдэу Iуэхур и пащхьэ зэрилъхьапхъэр, жылагъуэм я гупсысэкIэр зэрыбунэтIын Iэмал телъыджэхэр, нэгъуэщI куэди щызэпкърахащ щIалэгъуалэм форумым.

ШЭРIУЖЬ Даянэ.

ІуэрыІуатэ - дыщэ пхъуантэ

Редадэ урыс пелуаныпщым зэребэнар

Хъ • Хъыбар

Жьэгъудэс адыгэхэм ялъэ Редадэр пелуаны щытащ. Абы зэхихащ Тэн адрыщІкІэ уикІа нэужь, зы урыс пащы гуэрыныр зэрыщыІэр.

– Арысей пелуанышцым себэзынщ, – жиІэри Редадэр ежьащ.

Тэн икІри, здэкІуэм мэпсыхъуэ, бжэныхъуэхэр адыгэбзэкІэ «къевгъазэ, невгъазэ» жаІэу зэпсалъэхэу Іущ1ащ. Редадэм ар хуабжьу игъэщІэгъуащ:

- Дэнэ къыкІа, дапщэщ къикІа мы адыгэхэр, - жиІэри.

Я6гъэдхьэри щеуцІущым, къэжрагаІащ ахэр куэд щІауэ абы зэрисыр, абыхэм я адэжьм я адэжьэр а щІыпІэм къыпэзыщІалъхуар, ауэ нэхъ Іупщу, зэхэхауэ а Іуэжр тІэкІу укІуатэм, мэпсыхъуэ пщыІэм тес лэгъунэхъым къыпэрыжиІэнур.

А пщыІэмкІэ Редадэ иунэтІащ. ИпэкІэ Адыгэ Хабзэт зи пщыІэ техьэнум е зыгуэрым дежи бысымуи дыхэнум шыпсэ къамыщы щэ узэгъэ ирадзэ, абы и макъым бысымуи къыдыщІэкІрэ иригъэблагъэу. Бысымым и пщІантІэм къыщыдэкІыжми шым къамышыкІэ щэ еуамэ, абы щыгъуэ и бысымым хуэзэрэзыгъэкъым, емыуамэ – хуэдэщт.

Редадэ пщыІэм нэсу и шым щэ щеуэм, лэгъупэжьыр къыщІэкІри иригъэблагъащ. Хъэщ1эныщыр зэфІэкІа нэужь, Редадэ и Іуэхур зытетыр жриІащ икІи а адыгэхэм я хъыбарым щІэупщІащ. Іэгъупэжьым къэжриІащ ахэр куэд щІауэ а щІыпІэм зэрисыр, урыс пелуаным дежи мыкІуэныи къеІэлэІуащ:

- Абы куэд Іэщ1экІуэдащ, уэри умукІыщ, ар пелуан инщ, умыкІуэ, - жиІэри. - Абы сыкъинужІми сынэмысауэ зыгъэзэжми си дежкІэ тІури зыщ, абы щыгъуэм сыкІуэнщ, - жери Редадэр ежьащ. Нэсри махуэ пщыкІутхэкІэ ефащ, ешхащ. Ар дэкІри, Іуэхур зытетыр – зэребэныпэ – Редадэм жиІащ.

- Хъунщ, – жиІащ урыс пелуаным. ИкІи мыр зэпрагъэхъащ: текІуэм пщым и мыпхуэри, и жьэрэи ей хъуэж. Урыс пелуанышцым Редадэр тридзащ икІи мазих пІалъэкІэ къиутІыпщы-жащ, ар дэкІмэ игъэзэжкыну. Редадэр къэкІуэжащ. Мазихи, нэхъыбэ дэкІащ, илъэсри къиІащ Редадэм имыгъэзэжуро. ИкІэм, жьыпэ зэхуэшэсри яжриІащ и Іуэхур зытетыр икІи саугъэт лъагІэ куэд къищтэри ежьащ урысым дежи кІуэну.

Здэкіуэм аргуэру а лэгъупэжьым дежи техьащ. Лэгъупэжьыр хуабжьу къыщІыгуфІыкІащ Редадэ. Іуэхур зытетыр лэгъунэхъым щыкІэрпиІэм:

– Ар псэужкъым, и жьыэри и лъэпкъри талом ихьащ, абы щхьэкІэ абы нэс умыкІуэ, зэрыщымыІэжрэ мазих-блы мэхъу, – жиІэри игъэкІуащ. Редадэр кІуэ-пэжьым дежи щыхьэщІэри къэкІуэжащ.

Къуийцыкіуокъуэ Дэгужьыр зыукІам и къэгъуэтыкІар

(Тхыдэжь)

Къуийцыкіуокъуэ Дэгужьыр зыукІар ямыщІэу, бампІэхэу илъэс Іэджэкіэ екІуэкІащ. Зэгуэрым, Къуийцыкіуокъуэйм я джэгуакІуэхэр Талъостэней кІуаэу, абы щыІэжуцІэбжьу хуежьащ Талъостэней джэгуакІуэхэмрэ абыхэмрэ. ИкІэм Талъостэней джэгуакІуэхэм жаІащ:

– Хуэрэ псыгъуэ ныбэ нэщІым

Жьщ маззэхэм уродыгъуэ,

Жьщ мазагъуэм укъороКІуэж,

Къуийцыкіуокъуэр щІэбгъафэщ,

Афэ джанэр къыщыпткІ,

КІэс джэр къэпхъри укъэкІуэжщ,

ЕщІэнокъуэ Атэбий! – жаІэри.

Ар Къуийцыкіуокъуейм я джэгуакІуэхэм яхьыжащ:

- Къуийцыкіуокъуэр зыукІар мыращ, уэрэду жаІэри мыбы хуэдэщ, – жаІэри.

Къуийцыкіуокъуэм къуэш иІэт, лъэпкъ иІэти:

- Хуэдгъэгъункъым, дилъ тщІэжынщ, – жаІэри Талъостэней кІуаэхэщ. Талъостэнхэ екІуалІэхэри, абы щепсыхащ.

- ЕщІэнокъуэхэ хэт яхэт? – жаІэри щыщІэупщІэм, къыжраІащ:

– Уэлэхъэ, блэ зэраукІа башу зэшитІ яІэм: Уэзырмэсрэ Темыркъаныр, – жари.

Къуийцыкіуокъуэхэ кІуэри ЕщІэнокъуэхэ я мэлыхъуэр ирахъэжьащ.

– Фи мэлыхъуэр ях! – жаІэу хъыбар щрагъащІэм, ЕщІэнокъуэ Темыркъан Хъэшрэмэс и жей жащ, хъыбарегъащІэу.

Темыркъаныр хуабжьу пІащІэрт, тепыІэртэкъым. Уэзырмэс жиІащ:

- Умыпіащ1э, си къуэш, ар ди мэлыхъуэракъым зыхуэйр, дэращ, уэлэхъэ, выгукІэ укІуэми, уащІыхьэнум абыхэм, – жиІащ.

Арщхьэкіэ, Темыркъаным хуабжьу зихъунщІэрт:

- Уэ уи Іуэхур фы яшэнум хуэдэщ, дунейр мэкъутэж жалами, зыбгъэхъеинукъым! - Темыркъаныр хутемыбыдэу зы шы гуэр зридзри дэжащ.

Щ1агъуэ имыкІуу ящІыхьэу хуежьащ. Абы я гъусэт Талъостэнхэ ящыщ зыгуэр, абыхэм тхьэ яхуиІуауэ, «Сэрикі фэ фхуэдэ зыпІу сыуынщ», жиІэри. А Талъостэн и къуэр быдзышэкІэ япІат ЕщІэнокъуэ. Абыи емыпІлу Темыркъаным къезауэу щІидзащ. Езым къытримыгъэхуэу и шыр щІикІыкІащ. Пхъэрым ящыщ зэращІыхьэу, и шым шэсри, аргуэрыр къэщІиукІыкІащ. Аргуэру нэгъэщІ зы къэщІыхьэри, абы ишри кърихгъэкІащ.

Абы хэту Уэзырмэсрэ ящІыхьащ.

- Ей, гъуэмэ, умыпІащ1э, абы уащІыхьэнущ, жысІатэкъэ, Къэбэрдейм шыхъуэкъ къребгъэнакъым, – жиІэри шхьадащ.

Уэзырмэсыр щщІыхьэм, Талъостэн и къуэр Іукіуэтри, Къуийцыкіуокъуэр къэпІэващ. ЕщІэнокъуэм дэтхэнэ лъэныкъэмкІи фоч игъэуэфыт. Абы къыхэкІыу шуукІэмыщІэ зищІри, сэмэгумкІэ дидзых хуэдэу ищІри, и бийр игъэбэлэрыгъащ. Абы гугъэ ищІащ – икъыбарбгъу лъэныкъэмкІэ фоч имыгъэузэфыну, «ТІэкІу гъунэгъу къэхъум сеуэнщ», – жиІэри къэпэплъэрэ Уэзырмэсым и фочыр зэрун, Къуийцыкіуокъуэр иукІащ. Къыгъэзэжри Талъостэн и къуэр ауэ щыттри, щыбгъэдыхьэм, и пІэІэр зыщхьэрихри къэуващ:

- Сыщыгуащ, къэкъуагъэ, – жиІэри.

- Талъостэн и къуэ, щхьэ ди пІалъэ нэхунэ уи нейр къина? Быдзышэр лъыуэ къэуафэм дауэ ипкІэн?

Сытми имыукІыу къигъэнащ. И мэлыхъуэр къихьыкІри къэкІуэжащ. Мис а щІыкІэм тету ЕщІэнокъуэхэ ялъ ящІэжащ.

Белэ зэрысабийрэ тхылъыр и Іэпэгъуэ, еджэным хуэнэхъуеиныгъэ къэхъуащ. Балигъыпіэ щиувэм пщащэм мурад ищІащ и Іэщ1агъэр фІыуэ илъагъу бзэм ирипхыну икІи 11-нэ классыр къиуха нэужь, и адэм и чэнджэщи хэту, Къэрэшей-Шэрджэс къэрал университетым филологиемкІэ и факультетым журналистикэмкІэ и къудамэм щІэтІысхьащ.

- Я1пэ дыдэу дызэщІыхьар «Введение в журналистику» дерсрат. Журналистикэм, абы и жанрхэм, и куп-щІэм, узэрытхэн, узэрылэжьэн хуейм дыхигъэгъуазэу егъэджакІуэм къыдэкІаХэр апхуэдизкІэ си гум дыхьэти, а махуэм щІэщІздзэсу сыдихьэхри, нобэр къызэгъэсыпщІэу сыхуІэгъуэжакъым, - жиІэ Белэ.

Анэдэлъхубзэр дахэу зыгъэщэрыуэ пщащэм, зэреджэм хуэдэуэ, «Черкес хэку» газетым дэлэжьэн щІидзащ. Я1пэ курсым газетым тхыгъэ кІэщІкІэ итхырт. Езым зыкъызэриумысыжщи, и Іэдакъэщ1экІэхэр газетым тету щилъагъукІэ, иригушхуэрт, и тхыгъэкІэрэ газетым къытехуэрэ зэригъэпщэжырт. Куэд зэрамыгъэзэкуэжамэ, щыгуфІыкІырт. Газетым практикэ ягъэкІуа нэужь, жэуап зыхь секретарь Аддын Мухьамэд и нэІэ щІэту зыщигъэсащ. Нэхъыжьыфіым ар машэкІэ журналистикэм, газетыр къызэрыдагъэкІым, абы зэрелэжьам, къытехуэ тхыгъэхэм, нэгъуэщІхэми щигъэгъозащ.

Аддын Мухьамэд и дежи ди редактор нэхъыщхьэу ягъэува нэужь, зы цІыху хузныкъуэти, ар къыхихыну университетым кІуащ. Абы щыгъуэм Белэ ещанэ курсым щеджэрт. Мухьамэд и деж журналист ныбжьыщІэхэр практикэ щыщІыпІэм, гу ялъитат хэт нэхъ гурыхуэми, хэт сыт хуэдэ зэфІэкІ бгъэдэлъми. Студентхэм къахихащ Мамхэгъ Белэ икІи пщащэр лэжьапІэ къыхуагъэкІуну щІэлъэІуну аратеджапІэм щІеблэгъар. Хъыбарэбзыр деканатым ираджэри, Іуэхур зытетыр къыгурагъэІуащ. «Радиом ущылэжьэну ураГъэблагъэ, фи деж жжеи, адэкІэ унафэ тщІынщ», - жаІащ.

- Іуэхур дыдейжм щажесІэм, гуфІащ. «ЦІыхухэм ягъэува нэужь, зы цІыху хузныкъуэти, ар къыхихыну университетым кІуащ. Абы щыгъуэм Белэ ещанэ курсым щеджэрт. Мухьамэд и деж журналист ныбжьыщІэхэр практикэ щыщІыпІэм, гу ялъитат хэт нэхъ гурыхуэми, хэт сыт хуэдэ зэфІэкІ бгъэдэлъми. Студентхэм къахихащ Мамхэгъ Белэ икІи пщащэр лэжьапІэ къыхуагъэкІуну щІэлъэІуну аратеджапІэм щІеблэгъар. Хъыбарэбзыр дек

Щэнхабзэм хузэфIэкIахэр Балъкъ къыщапщытэ

Дзэлыкъуэ щIыналъэм хыхьэ Малкэ къуажэм иджыблагъэ щекIуэкIащ КъБР-м Щэнхабзэмкlэ и министерствэм и зэIущIэ. Абы щытепсэлъыхьащ 2025 гъэм зэфIагъэкIахэмрэ мы илъэсым къапэщылъ къалэнхэмрэ.

● ЗэIущIэхэр

ЗЭIУЩIЭМ щыжаIахэр къызэщIэпкъуэжмэ, абы нэхъыщхьэу къыщыхагъэщащ нэгъабэ министерствэм и лэжьыгъэр унэтIыныгъэ зэмылIэужьыгъуэхэм тегъэщIауэ зэрыщытар. Абыхэм ящыщщ «Унагъуэ» лъэпкъ пэхуэщIэр гъэзэщIэныр, щэнхабзэ IуэхущIапIэхэр зыхуей Iэмэпсымэхэмкlэ къызэгъэпэщыныр, гъуазджэр зи IэщIагъэм ядэIэпыкъуныр, цIыху-бэ творчествэр ипэкlэ гъэкIуэтэныр, зэфlэкI зиlэ ныбжьыщIэхэм защIэгъэкъуэныр. Зи гугъу ящI пIалъэм гулъытэ нэхъыбэ зыхуащIахэм ящыщщ щэнхабзэр хъумэнымрэ абы зегъэужьынымрэ, лъэпкъхэм, унагъуэхэм къадекIуэкI лъапIэныгъэхэмрэ хабзэхэмрэ гъэбыдэныр, тхыдэр ящIэныр. Къапэщылъ къалэнхэм ящыщу къагъэлъэгъуащ лъэпкъхэм я щэнхабзэ хъугъуэфIыгъуэхэр хъумэныр, унагъуэхэм ядэIэпыкъуныр, щIыналъэм ис псори щэнхабзэм и фIагъхэмкlэ гъэгушхуэныр.

Къэбэрдей-Балкъэрым и щэнхабзэ IуэхущIапIэхэм я лэжьыгъэ куэд траухуащ УФ-м и Президент Путин Владимир 2025 гъэр Хэкум и хъумакIуэхэм я илъэсу зэригъэувам. КъБР-м и Музыкэ къэрал театрым щекIуэкIащ абы ехьэлIа пшыхь гукъинэж.

- Зи гугъу тщIы къалэнхэр гъэзэщIэным теухуауэ республикэм Iуэху куэд щекIуэкIащ: махуэшхуэ концертхэр, литературэ-макъамэ пшыхьхэр ягъэхьэзыращ, щыIащ фестивалхэр, кином, гъуазджэм, музейхэм, библиотекэхэм я жэщхэр, сабийхэмрэ ныбжьыщIэхэмрэ я тхылъхэм я тхьэмахуэр щагъэлъэпIащ, Хэку зауэшхуэм ТекIуэныгъэ Иныр къызэрыщахьрэ илъэс 80 зэрырикъум, хэку лъагъуныгъэм теухуа Iуэхухэр ирагъэкIуэкIащ, Урысейм, урыс ныпым, цIыхубэ зэкъуэтыныгъэм, сэлэт мыцIыхум, Къырымыр, Донецк, Луганск цIыхубэ республикэхэр, Запорожскэ, Херсонскэ областхэр Урысейм къызэрыгухьэжам я махуэхэр, нэгъуэщIхэри ягъэлъэпIащ. ЩIыналъэм щыпсэухэмрэ хьэщIэхэмрэ зрагъэхьэлIащ гъэлъэгъуэныгъэхэм, кинохэм, лIыхъужьыгъэм и дерсхэм, тхыдэ сыхьэтхэм. Гулъытэ ин хуащI дзэ Iуэху хэхам хэкIуэда лIыхъужьхэм я фэеплъыр яхъумэным. Абы папщIэ бюстхэр, стеллэхэр ягъэуващ, жыгхэр хасащ, школхэм партэ щхьэхуэ щагъэуващ, - жиIащ КъБР-м щэнхабзэмкlэ и министр Къумахуэ Мухьэдин. - КъищынэмыщIауэ, лекцэхэр, зэпсэлъэныгъэхэр, усэ къеджэнымкlэ зэпеуэхэр, зэIущIэхэр, къэралымрэ республикэмрэ я тхыдэ фэеплъхэм ехьэлIа пэкIухэр къызэрагъэпэщащ. Апхуэдэу ирагъэкIуэкIащ зауэ уэрэдхэм я фестивалхэр, спорт зэхьэзэхуэхэр, дзэ Iуэху хэхам хэтахэм я зэIущIэхэр. КъызэщIэпкъуэжмэ, Хэкум и хъумакIуэхэм я илъэсым къриубыдэу Къэбэрдей-Балъкъэрым къыщызэрагъэпэщащ икIи щрагъэкIуэкIащ зэхыхьэ 1500-рэ. ЩIыналъэм и хъыбарегъащIэ IэнатIэхэм я лэжьакIуэхэм а Iуэхугъуэхэм гулъытэ хуащIащ.

Мы илъэсым зэфIагъэкIыну къапэщылъхэм я гугъу щищIым, министрым къыхигъэщащ федеральнэ Iуэхухэм хыхьэу, Щэнхабзэмкlэ унэхэр, гъуазджэхэмкlэ школхэр, музейхэр, филармониер зэрызэрагъэпэщыжынур, сабийхэм папщIэ щэнхабзэегъэджэныгъэ центрхэр, модельнэ библиотекэхэр къызэрызэIуахынур, абыхэм тхылъхэр зэрыщIалъхьэнур. УФ-м и Президент Путин Владимир 2026 гъэр Урысейм и лъэпкъхэм я зэкъуэтыныгъэм и илъэсу зэригъэувам хыхьэу, гулъытэ ин хуащIынущ щIыналъэм щыпсэу лъэпкъхэм я зэкъуэтыныгъэр, зэгурыIуэныгъэр, мамырыгъэр, абыхэм я зэхуаку дэлъ пщIэр гъэбыдэным, Урысейм ис лъэпкъхэм я щэнхабзэр хъумэным, нэгъуэщI щIыпIэхэм щыпсэухэр абы щыгъэгъуэзэным, сабийхэмрэ щIалэгъуалэмрэ я къэралым иригушхуэу къэгъэхъуным. УФ-м и ТхакIуэхэм я зэгухьэныгъэр илъэси 150-рэ зэрырикъум теухуа зэхыхьэхэр мы гъэм дэнэ щIыпIи щекIуэкIынущ.

«1941 - 1945 гъэхэм екIуэкIа Хэку зауэшхуэм ТекIуэныгъэ Иныр къызэрыщахьрэ илъэс 80 ирокъу» фэеплъ медалхэр зэIущIэм щратыжащ ТекIуэныгъэ Иныр гъэлъэпIэным теухуа зэхыхьэхэр къызэзыгъэпэща икIи езыгъэкIуэкIа, Хэку зауэшхуэм теухуа тхыдэ пэжыр хъумэным и мыхьэнэр щIыналъэм исхэм я деж нэхьэсыным, ныбжьыщIэхэм Хэкур фIыуэ ялъагъуу къэгъэхъуным хэлъхьэныгъэ хуэзыщI, щэнхабзэмрэ гъуазджэмрэ я лэжьакIуэ цIыху пщIы бжыгъэхэм. ЯгъэлъэпIахэм ящыщщ «Ни шагу назад» IуэхущIапIэм и унафэщIым и къалэнхэр зыгъэзащIэ Байсиев Темыржан, «КъБР-Медиа» къэрал кIэзонэ IуэхущIапIэм и унафэщI Бежан Беслъэн, Къэбэрдей-Балъкъэрым Щэнхабзэ хъугъуэфIыгъуэхэр щыхъумэнымкlэ и управленэм и унафэщI Гонтарь Олег, КъБР-м щэнхабзэмкlэ и министерствэм и къудамэхэм я унафэщIхэу Къунаш Заремэрэ Тхьэкъуахъуэ Астемыррэ, «ЩоджэнцIыкIу Алий и цIэр зезыхьэ Къэбэрдей къэрал драмэ театр» къэрал кIэзонэ щэнхабзэ IуэхущIапIэм и унафэщI Пащты Иринэ, Къэбэрдей-Балъкъэрым и архив IуэхущIапIэм и унафэщI Щоджэн Щыхьым, «Арт зал Платформа» кIэзонэ IуэхущIапIэм и унафэщI Шыхъуэстэн Аксанэ, волонтёр ПщыукI Аслъэн сымэ, нэгъуэщIхэри.

ЗэIущIэм хэтащ икIи къыщыпсэлъащ Гъуазджэхэмкlэ Кавказ Ищхъэрэ къэрал институтым и ректор Рахаев Анатолэ, Дзэлыкъуэ щIыналъэм и администрацэм и Iэтащхьэм и къуэдзэ КъуэщIысокъуэ Iэсият, КъБР-м и Гуащэ театрым и унафэщI Гонтарь Людмилэ, Прохладнэ щIыналъэм и администрацэм и Iэтащхьэм и къуэдзэ ПщыцIыкIу Алеся, Iуащхьэмахуэ щIыналъэм и администрацэм щэнхабзэмкlэ и управленэм и унафэщI Толгуровэ Жаннет.

ТЕКIУЖЬ Заретэ.

Щыпэрытщ къэралпсо зэхыхьэхэми

Къэбэрдей-Балъкъэрым Спортымкlэ и министерствэм щекIуэкIа зэIущIэм щытепсэлъыхьащ гъэ кIуам IэнатIэм и лэжьыгъэм къырикIуахэм, дызэрыт илъэсым къыпэщылъ къалэнхэмрэ нобэ зэлэжьыпхъэхэмрэ. Абы хэтащ КъБР-м и Парламентым и УнафэщIым и къуэдзэ, Олимп джэгухэм я чемпион Къардэн Мурат, КъБР-м спортымкlэ и министр Хьэсанэ Ислъам, Налшык къалэм щIыпIэ самоуправленэмкlэ и Советым и тхьэмадэ Заруцкий Александр, къалэ, район администрацэхэм, спорт федерацэхэмрэ еджапIэхэмрэ я лIыкIуэхэр, нэгъуэщIхэри.

IУЭХУМ теухуауэ убгъуауэ зэIущIэм къыщыпсэлъащ КъБР-м спортымкlэ и министрым и къуэдзэ Хэжь Заур. Абы къызэрыхигъэщамкlэ, 2025 гъэм ди республикэм щыпсэухэм (я ныбжьыр илъэси 3-м къыщыщIэдзауэ 79-м нэсыху) я процент 62,2-р куэдмащIэми спортымрэ физкультурэмрэ нобэ хэтщ икIи абыхэм иджыри драгъэхьэхыну зыхуагъэувыжа мардэм (процент 60-м нагъэсыну яубзыхуат) проценти 2,2-кlэ щIрагъэгъуащ нэгъабэ.

Къапщытэж пIалъэм къриубыдэу ди щIыналъэм и цIыхухэр спорт ухуэныгъэхэмкlэ процент 64,8-кlэ къызэгъэпэща хъуащ, абыхэм зэуэ щызэблэкIыфынухэм я бжыгъэм тещIыхьауэ. Министерствэм нэгъабэ и плъапIэу щытам нэхърэ ари проценти 8-кlэ нэхъыбэщ.

Дызэрыт илъэсыр щыщIидзэм ирихьэлIэу спорт еджапIэу 48-рэ республикэм щылэжьащ. Я IэщIагъэхэм куууэ хэзыщIыкI егъэджакIуэ-тренерхэр ядолажьэ цIыху 28 650-м, абыхэм ящыщу мин 27-м нэблагъэр сабийхэмрэ щIалэгъуалэмрэщ, я ныбжькlэ илъэс 18-м щIимыгъуауэ.

Зи Iэпкълъэпкъым сэкъат иIэхэм щхьэкlэ щыIэ адаптивнэ спортым республикэм зыщегъэужьыным ехьэлIа Iуэхугъуэхэми щытепсэлъыхьащ зэхуэсым. Апхуэдэхэм яхуэщIауэ спорт-адаптивнэ еджапIэ закъуэу ди щIыналъэм нобэкlэ щыIэм щадолажьэ тэмэму зэхэзэымыххэм, набгъэхэм, зи Iэ-зи лъэхэр тэмэму къызыдэмыбзхэм. «Дэтхэнэ зыми хуэщIауэ» къэрал программэм ипкъ иткlэ абыхэм щхьэкlэ спорт Iэмэпсымэхэр кърагщэхуну сом мелуан 1,5-м нэблагъэ къыхуаутIыпщащ а еджапIэм нэгъабэ.

Илъэс кIуам къриубыдэу «Спортыр терророрым и бийщ» фIэщыгъэм щIэту зэхьэзэхуэ зэхуэмыдэу 17 республикэм щрагъэкIуэкIащ. Абыхэм хэтащ цIыху 2000-м щIигъу, ГТО-м и мардэхэр ягъэзащIэри, бгъэхэlу дамыгъэхэр иратащ цIыху 3560-м.

Хэжь Заур иригушхуэу къыхигъэщащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и спортсменхэм дунейпсо, урысейпсо зэхьэзэхуэ инхэм ехъулIэныгъэфIхэр илъэс блэкIам зэрыщызыIэрагъэхьар. ЖыпIэнурамэ, ахэр хэтащ апхуэдэ зэпеуэ 440-м щIигъум. Урысейпсо зэхьэзэхуэхэмрэ чемпионатхэмрэ щытекIуащ, къыщыхэжаныкIащ ди спортсмену 182-рэ.

Ауэ, псом я щхьэжу, олимпиадэм хыхьэ тхэквондомкlэ (ВТФ) зэфlэкI лъагэхэр нэгъабэ къагъэлъэгъуащ Кэнжэ къуажэм дэт «Пять колец» спорт академием и гъэсэнхэу Токио щекIуэкIа Сурдлимп джэгухэм я дыщэ медалыр къэзыхьа Сатушы Мадинэ, дунейпсо зэхьэзэхуэхэм мызэмытIэу япэ щыхъуа Бекъул Миланэ, Европэм и чемпионатым щытекIуа Багъ Идар сымэ, нэгъуэщIхэми.

Республикэм и спорт ухуэныгъэхэм щытепсэлъыхьым, Хэжь Заур жиIащ апхуэдэу 1744-рэ ди щIыналъэм нобэкlэ зэрыщыIэр. Спортым зегъэужьыным хуэлажьэ къэрал программэм къыщыгъэлъэгъуа Iуэхугъуэхэр гъэзэщIэным сом мелуани 196,8-рэ хухахащ икIи къанэ щымыIэу ар къагъэсэбэпащ. ГТО-м и мардэхэр щат спорт утыку мыинхэр щаухуащ Зеикъуэ, Хьэбэз къуажэхэм, спорт утыку «губзыгъэ» къыщызэIуахащ Хъущтэ-Сырт жылэм. ПсынщIэу зэпкърыплъхьэзэпкърыпх, бгъэIэпхъуэ хъу модульнэ спортзал щагъэуващ Хьэсэней къуажэм. Къызыхуэтыншэу зэрагъэпэщыжащ Налшык къалэм и «Налшык» спорт комплексыр, нэгъуэщIхэри.

2026 гъэм министерствэм къыпэщылъ къалэнхэм я гугъу щищIым Хэжь Заур жиIащ ГТО-м и мардэхэр щагъэзащIэ спорт утыкухэм хуэдэхэр Тамбовскэ, Анзорей къуажэхэм, Май къалэм зэрыщаухуэнур, спорт утыку «губзыгъэу» тху зэIузэпэщ иджыри зэращIынур, Налшык къалэм дэт, Сабийхэм я стадионыр къызыхуэтыншэу зэрызэрагъэпэщыжынур, Безенги, Зэрэгъыж жылэхэм спортзалыщIэхэр зэрыщагъэувынур.

ЗэIущIэм къыщаIэта Iуэхугъуэхэм ятеухуауэ я Iуэху еплъыкIэхэр къыжаIащ Налшык къалэ, Аруан щIыналъэ администрацэхэм я спорт комитетхэм я лIыкIуэхэм, нэгъуэщIхэми.

Апхуэдэуи, зэхуэсым щагъэбелджылащ КъБР-м Спортымкlэ и министерствэм и лэжьыгъэр 2026 гъэм нэхъыбэу зытригъэщIэну унэтIыныгъэ нэхъыщхьэхэр. Абыхэм ящыщщ спорт ухуэныгъэхэмрэ еджапIэмрэ зыхуей-зыхуэфIхэмкlэ нэсу зэгъэпэщыныр, щыIэ Iэмэпсымэхэмрэ техникэхэмрэ къэгъэщIэрэщIэжыныр, къыдэкIуэтей спортсмен ныбжьыщIэхэм ядэлэжьэныр, балигъхэм яхэр къакъуэгъэувэныр, спортымрэ физкультурэмрэ дихьэх ди цIыхухэм я бжыгъэм къыхэгъэхъуэныр.

ЗэIущIэм и кIэм зыпэрыт спорт IэнатIэм хьэлэлу бгъэдэт, я гуащIэ хэзылъхьэ, ехъулIэныгъэфIхэр зиIэ егъэджакIуэ-тренер гупым Къэбэрдей-Балъкъэрым и Iэтащхьэм и ФIыщIэ тхылъхэр иратащ.

ХЬЭЩЫКЪУЕЙ Олег.

Iуащхьэмахуэ пэгъунэгъу хьэщIэщхэр

УФ-м и Къэрал экспертиз нэхъыщхьэм къызэритамкlэ, Iуащхьэмахуэ лъапэ щаухуэну ягъэхьэзыра, Iуэхугъуэ куэдым хуэщIа комплексым и пэхуэщIэр абы я деж щыпхыкIащ. Ар здэщытыну щIыпIэр зыхуэзэр Iуащхьэмахуэ щIыналъэм и ипщэ-къухьэпIэ лъэныкъуэмкlэ щыIэ, къэрал мыхьэнэ зиIэ «Iуащхьэмахуэ лъапэ» лъэпкъ паркырщ.

КОМПЛЕКС яухуэнум хыхьэнущ вагъуиплI зезыхьэ, къатихыу зэтет хьэщIэщу 6, псори зэхэту пэш 600 хъууэ, Iуэхутхьэбзэу къызэщIаубыдэм, я фIагъхэм елъытауэ ахэр я уасэхэмкlэ зэщхьэщыкIынущ, пэш ехьэжьахэри хэтынущ. ЦIыху миным щIигъу зэуэ абыхэм къыщызэтеувыIэфынущ. Апхуэдэуи, зи Iэпкълъэпкъым сэкъат иIэ цIыхухэм хуэщIа хьэщIэщхэм пэш щхьэхуэхэри яIэнущ, тыншу зэрыщIыхьэну дэкIуеипIэхэри хэту.

КъищынэмыщIауэ, комплексым хыхьэнущ шхапIэхэмрэ ресторанхэмрэ, сату щIыпIэхэр, бизнесым ехьэлIауэ зэIущIэхэр щрагъэкIуэкI, лэжьыгъэ Iуэхукlэ щызэпсалъэ хъуну пэшхэр, нэгъуэщIхэри.

ХьэщIэхэм Iэмал яIэнущ СПА-комплексхэм, хьэмэмхэм, нэгъуэщIхэми я Iуэхутхьэбзэхэр щызрагъэгъуэтыну, зыщагъэпсэхуну.

Гулъытэншэ хъунукъым сабийхэри. Абыхэм щхьэкlэ шхапIэхэр, нэгузегъэужьыпIэ центрхэр, джэгупIэхэр, компьютер пэшхэр, нэгъуэщI куэди щыIэнущ.

БЭБЭЧ Башир.

ТхылъыщIэхэр къаIэрохьэ

Бахъсэн щIыналъэм и библиотекэхэм иджыблагъэ тхылъ минищ хуэдиз къаIэрыхьащ. Абы щыщу минитIыр Ислъэмей къуажэм дэт, иджырей гъэпсыкIэм тет библиотекэм иратащ.

БАХЪСЭН щIыналъэм къаIэрыхьа тхылъыщIэхэм къызэщIаубыдэ Къэбэрдей-Балъкъэрым щыпсэу щIыдэлъху лъэпкъхэм - адыгэхэмрэ балъкъэрхэмрэ - ятеухуа тхыдэ къэхутэныгъэхэр, лъэпкъ щэнхабзэхэм ехьэлIа къыдэкIыгъуэхэр, лъахэхутэ лэжьыгъэхэр, балигъхэмрэ сабийхэмрэ папщIэ художественнэ мыхьэнэ зиIэ тхыгъэхэр. ЗытеухуакIэ зэмыщхь защIэу зэхэт тхылъхэм къызэIуах дунейр къыпхуэмылъытэну инщ, гъэщIэгъуэнщ, лъэныкъуэ куэдкIэ телъыджэщи, Бахъсэн щIыналъэм щыпсэухэм Iэмал нэхъыбэ яIэ хъуащ щыпсэу лъахэм и тхыдэмрэ щэнхабзэмрэ нэхъ куууэ яджыну, зыхэт щIыуэпсым хэлъ щхьэхуэныгъэхэр зрагъэщIэну.

Бахъсэн щIыналъэ библиотекэм и унафэщI Нэгъуей Радимэ зэрыжиIэмкlэ, тхылъ еджэхэм я бжыгъэр зы лъэхъэнэ хэпщIыкIыу нэхъ мащIэ хъуат. Ауэ иужьрей илъэс зыбжанэм тхылъым къыщIэупщIэхэм я бжыгъэм хохъуэ, ауэ щыхъукIэ библиотекэм къекIуалIэхэр ныбжькIи зэхуэдэкъым: абыхэм яхэтщ зи къэухьым зрагъэужьыну хущIэкъу балигъхэри, зи къэхутэныгъэ лэжьыгъэм папщIэ къыдэкIыгъуэ щхьэхуэхэр къэзылъыхъуэхэри, студентхэри, курыт еджапIэм щIэсхэри.

- Тхылъ къэзылъыхъуэ, еджэныр зыфIэфI дэтхэнэри ди нэщ, ди псэщ - абыхэм тхузэфIэкIымкlэ щIэгъэкъуэн дахуэхъунущ, зыхуей тхылъыр къахуэдгъуэтынущ, ди гъэтIылъыгъэхэм яхэмылъмэ, гъунэгъу щIыналъэхэм дыщыщIэупщIэнурэ пIалъэкlэ къеIыххынущ. Тхылъыр зи IэпэгЪум гъащIэр игъэдахэу къызолъытэ, сыту жыпIэмэ апхуэдэ цIыхум щIэуэ къищIар щыIэныгъэм хипщэнущ, цIыху зэхущытыкIэхэр нэхъ дахэ ищIынущ. Дэ къыдэкIуалIэхэм я нэхъыбэр зыщIэупщIэр лъэпкъ тхыдэмрэ щэнхабзэмрэ ехьэлIа лэжьыгъэхэращ. Апхуэдэ къыдэкIыгъуэхэм я щIэщыгъуэр зэи икIыркъым, уеблэмэ тхыдэ къэхутэныгъэхэм тегъэщIапIэ ящI нэгъуэщI тхылъхэр къыщалъыхъуэ къыхокIри, ар абыхэм щIэх яIэрыхьэнымкlэ дадэIэпыкъуну иужь дитщ. ЩIэупщIэ яIэщ детектив жанрым ит романхэм. Псом хуэмыдэу а литературэ лIэужьыгъуэр нэхъ зыфIэгъэщIэгъуэныр нэхъыжьыIуэхэрщ. Мы иужьрей илъэсым гу зылъыттаращи, ди щIыпIэм нэхъ къыщалъыхъуэу, итым зыщагъэгъуэзэмэ яфIэфIу къызыщIэупщIэр Котляровхэ Викторрэ Мариерэ я тхылъ тедзапIэм къыщыдэкIа «Бахъсэн щIыналъэ» тхылъышхуэрщ. Абы щIэнгъуазэ гъэпсыкlэ иIэщ, щIыналъэм теухуауэ дымыщIэ е мащIэ дыдэу фIэкIа зыхэдмыщIыкI гъэщIэгъуэнхэр итщ. Зи лъахэр фIыуэ зылъагъухэм дежкlэ къызэрымыкIуэу лэжьыгъэ бэлыхьщ. Щхьэхуэу къыхэзгъэщыну сыхуейт ди цIыхухэм щIэнгъуазэ зэмылIэужьыгъуэхэр къызэралъыхъуэри. Апхуэдэ тхылъхэм кIэщIу икIи къызэщIэкъуауэ къыщыкIуэ тхыгъэхэм щIалэгъуалэм я къэухьым зригъэужь къудейкъым, атIэ лъыхъуакIуэ ирегъажьэ, нэхъыбэ къащIэну хуейуэ щытыкIэ дахэ ирегъэувэ. Бахъсэн щIыналъэм щыпсэухэр тхылъым къетшэлIэну дыхущIэкъу зэпытщ. Абы щхьэкlэ мыхьэнэ зиIэ къыдэкIыгъуэщIэ къэс цIыхухэр зэхуэтшэсыну, абыхэм щыгъуазэ яхуэтщIыну, къыщыIэта Iуэхугъуэхэмкlэ уэршэрхэр едгъэкIуэкIыну дыхэтщ. Апхуэдэ зэхуэсхэр щытщI хъуну щIыпIэхэр ди мащIэкъым. Куэдым фIы и лъэныкъуэкlэ и хъыбар зэхахащ Ислъэмей къуажэм дэт библиотекэр иджырей гъэпсыкIэм тету зэрызэдгъэпэщыжам, техникэкIи литературэкIи къызэгъэпэщауэ зэрыщытым. А IуэхущIапIэм цIыхухэм Iуву екIуалIэ зэрыхъуам къыхэкIыу ди нэIэ тедгъэтщ. Апхуэдэу щIыналъэм къытIэрыхьа тхылъ минищым щыщу тIур а библиотекэм еттащ. Дыщогугъ дызыщIэхъуэпс Iуэхугъуэ куэд апхуэдэ бгъэдыхьэкIэм тхузэтригъэувэну, - жиIащ Нэгъуейм.

ЩIыналъэ библиотекэм 2026 гъэм иджыри тхылъ мин хуэдиз къыIэрыхьэну щогугъ. Абыхэм тхылъ гъэтIылъыгъэхэр къызэрагъэбеинум шэч хэлъкъым, ауэ, апхуэдэ дыдэуи, библиотекэхэм къекIуалIэ цIыхухэм я бжыгъэри нэхъыбэ ищIынущ. Мы дызэрыт илъэсым, къызэралъытамкlэ, Бахъсэн щIыналъэм ит библиотекэхэм цIыху мин 20-м щIигъу йокIуалIэ. Абы къегъэлъагъуэ тхылъым и пщIэм зэрызыкъиIэтыжыр, библиотекэхэм я мыхьэнэр нэхъыбэ зэрыхъужыр.

ШУРДЫМ Динэ.

ЦIыху щэджащэхэм я фэеплъщ

Къэбэрдей-Балъкъэрым и цIыхубэ усакIуэхэу КIыщокъуэ Алимрэ Кулиев Къайсынрэ я фэеплъу дзюдомкlэ пашэныгъэр къэхьыным хуэунэтIа зэхьэзэхуэ щекIуэкIащ Налшык къалэм и «Гладиатор» спорт комплексым. Ар траухуат Урысейм и лъэпкъхэм я зэкъуэтыныгъэм и илъэсыр гъэлъэпIэным. Зэхьэзэхуэм щызэпеуащ республикэм и щIыналъэхэм я спортсмену, щIалэхэри хъыджэбзхэри зэхэту, 300-м щIигъу, я ныбжькlэ илъэс 15-м щхьэдэмыхауэ.

ЗЭПЕУЭХЭМ щIамыдзэ щIыкlэ, спортсменхэмрэ къызэхуэсахэмрэ псалъэ гуапэхэмкlэ зыхуагъэзащ КъБР-м спортымкlэ и министрым и къуэдзэ Хэжь Заур, КъБР-м и ТхакIуэхэм я зэгухьэныгъэм и тхьэмадэ Бейтуганов Исмэхьилрэ абы и къуэдзэ Мэремкъул Ларисэрэ, КъБР-м щыIэ ОВД-м и Ветеранхэм я советым и тхьэмадэ Пыхъ МуIэед, КъБР-м и Парламентым и Жылагъуэ советым хэт Газаев Мэсхьуд, Налшык къалэм Ныр Сеф и цIэр зезыхьэ и спорт еджапIэм и унафэщI Тау Сэфарбий, КъШР-м и цIыхубэ усакIуэ Додуев Аскэр, зэIущIэм и судья нэхъыщхьэу щыта, УФ-м щIыхь зиIэ и тренер Емкъуж Мухьэмэд сымэ.

Зэхьэзэхуэм къыщыхэжаныкIахэм медалхэр, щIыхь тхылъхэр иратащ.

Пщыхьэщхьэр ягъэдэхащ Къэрал макъамэ театрым и уэрэджыIакIуэ Теунэ Жэмалрэ Балъкъэр къэрал драмтеатрым и артисткэ Алтуевэ Хьэлимэтрэ, «Насып» къэфакIуэ гупым.

Зэхьэзэхуэр къызэрагъэпэщащ КъБР-м СпортымкIэ и министерствэмрэ КъБР-м и ТхакIуэхэм я зэгухьэныгъэмрэ.

КЪУЭЖЕЙ Алим.

Студентхэм гурагъаIуэ

«Пэрытхэм я зэщIэхъееныгъэ» зэгухьэныгъэм КъБКъУ-м щригъэжьащ медиашколым и етIуанэ Iыхьэр. Ар хуэунэтIащ иджырей медиамрэ хъыбарегъащIэ зэпыщIэныгъэхэмрэ епха IэнатIэхэм пэрытхэм я зэфэкIым зегъэужьыным.

ЕГЪЭДЖЭНЫГЪЭР махуитIкlэ екIуэкIащ унэтIыныгъэ куэд къызэщIиубыдэу. Журналист, блогер хъунухэм сурэт техыным и щэхухэр, контентыр нэрылъагъуу зэрагъэщIэращIэ щыкIэхэр, графикэ дизайныр зрагъэщIэнущ, тхыгъэм елэжьыфу, эфирым къиихьэфу зрагъэсэнущ.

Егъэджэныгъэ программэр IыхьитIу гуэшащ. Теорие Iыхьэм къызэщIеубыдэ кърагъэблэгъа IэщIагъэлIхэр къызэджэну лекцэхэмрэ ягъэлъэгъуэну мастер-классхэмрэ, практикэ дерсхэр щекIуэкIкlэ, университетым щыIэ зэгухьэныгъэхэм зезыгъэужьыну Iэмалхэмрэ хэкIыпIэхэмрэ зэхалъхьэнущ.

Зэхуэсым къыщыпсэлъащ республикэм щыцIэрыIуэ блогерхэр. Ахэр къызэхуэсахэм ядэгуэшащ социальнэ сетхэр зэрырагъэкIуэкIым и щэхухэмкlэ, нейросетхэмрэ аналитикэм и Iэмэпсымэхэмрэ зэрелэжьым тепсэлъыхьынущ.

КъБКъУ-м ЩIалэгъуалэ политикэмрэ социальнэ Iуэхухэмкlэ и управленэм и унафэщIым и къуэдзэ Хуторская Елизаветэ къызэхуэсахэм защыхуигъазэм къыхигъэщащ университетым «Пэрытхэм я зэщIэхъееныгъэ» къудамэм жыджэру зэрызиужьар, Iуэху гъэщIэгъуэн куэд студентхэм зэрадригъэкIуэкIыр.

Зэхуэсым нэхъ гъэщIэгъуэну хэтахэм ящыщщ мультидисциплинарнэ дизайнер Уэркъуасэ Лянэ и мастер-классыр. Абы студентхэм къахузэIуихащ нэрылъагъу концепцэхэр къызэгъэпэщынымрэ мерч (Iуэхугъуэ гуэрым е брендым и дамыгъэ) къэгупсысынымрэ я щэхухэр.

Студентхэм я пащхьэ къыщыпсэлъащ социальнэ сетхэм зегъэужьынымкlэ IэщIагъэлI ЕхъулIэ Лорианнэ. Абы игъэбелджылащ контентымкlэ цIыху мелуан бжыгъэхэр къыдэпхьэхыфын папщIэ Iуэхум узэрыбгъэдыхьэну, зэребгъэкIуэкIыну щIыкIэхэр.

Медиашколым нэхъ жыджэру щеджахэм КъБКъУ-м и медиацентрым защIигъэкъуэнущ икIи езыхэм я проектхэр щIыналъэ, урысейпсо утыкухэм кърахьэнымкlэ сэбэп яхуэхъунущ.

IЭРЫС Iэсият.

Редактор нэхъыщхьэ
ЖЫЛАСЭ Заурбэч

РЕДКОЛЛЕГИЕМ ХЭТХЭР:
Жьэкlэмыхъу Маринэ *(унафэщI-редактор)*, Ширдий Маринэ *(унафэщI-редактор)*, Къаншокъуэ Эллэ *(жэуап зыхь секретарь)*, Къардэн Маритэ, Къумахуэ Аслъэн, НэщIэпыджэ Замирэ, Чэрим Мариаинэ, Щхьэщэмыщl Изэ.

ТЕЛЕФОНХЭР:
редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; унафэщI-редакторхэм 40-48-54, 40-06-33; жэуап зыхь секретарым - 42-75-78; секретариатым - 42-22-66.
КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкlэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ Iуэхухэмкlэ - 42-22-86; къуажэ гъащIэмрэ экономикэмкlэ - 42-57-59; щэнхабзэмкlэ - 42-75-36; егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкlэ - 40-15-31; хъыбарыщIэхэмрэ спортымкlэ - 42-22-88, 42-22-89; хабзэхъумэ IэнатIэхэм ядэлэжьэнымкlэ - 42-60-53; зэдзэкlакlуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-22-66; компьютер IэнатIэм - 42-26-41; сурэттеххэм - 42-63-64.

Газетыр 2016 гъэм дыгъэгъазэм и 19-м Печатым и хуитыныгъэр хъумэнымкlэ Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ IуэхущIапIэм ятхащ ПИ № ТУ07-00117-м щIэту.

Къыдэзыгъэкlхэмрэ редакцэмрэ я хэщIапIэр: 360030, КъБР, Налшык къалэ, Ленинымн и уэрам, 5

Индексыр П 5894
Тиражыр 1.267
Заказыр №505
12+

Теддзэ тхыгъэхэм къыщыхьа бжыгъэхэм, къыщаIэта Iуэхугъуэхэм я пэжагъымкlэ ахэр зытхахэм нэсу жэуап яхь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Iуэху еплъыкlэр зэтехуэ зэпыту щыткъым.

Газетыр Iэ тезыдзахэм яхуэхьыныр и пщэ дэлъщ КъБР-м федеральнэ пощт зэпыщIэныгъэхэмкlэ и управленэм.
Тел.: 76-01-28, 76-01-10

МЫ КЪЫДЭКIЫГЪУЭМ ЕЛЭЖЬАХЭЩ:
жэуап зыхь секретарым и къуэдзэ Дыщэкl Соня, *корректорхэу* ПхытIыкI Марие *(1, 3-нэ нап.)*, Елмэс ФатIимэ *(2, 4-нэ нап.)*.
КомпьютеркIэ газетым и теплъэр ящIащ Дол Маринэ, Мэлбахъуэ Анжелэ.
Сурэтхэм елэжьар Бицу Жаннэщ.

«Издательство «Южный регион» ООО-м щытрадзащ.
357600, Ставрополь край, ЕсэнтIыгу къалэ, Никольскэ уэрам, 5-А

Газетым Iэ традзэн хуейщ сыхьэт 20-м, щытрадзар сыхьэт 20-рщ.

Зы илъэсым газетыр 156-рэ къыдокI.